# МагIарулай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 1 / 2026

| СВО | Адабият | Инсан | Къисмат |
|---|---|---|---|
| *БахIарчиясул эбел* | *Бакъдебусс* | *АхIун лъугIулареб кечI* | *Бищун бецIаб сардилъги чIвазе бегьула кунчIи* |



## Зайнаб ГIалимирзаева

*ЛъикIлъиялъе кидаго рагьараб ракI*

«Женщина Дагестана»
*на аварском языке*
№ 1/2026

***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru

***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru

***Ответственный секретарь***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru

***Редактор русского выпуска***
А. М. Бабаева aida-babayeva2012@yandex.ru

***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru

***Редактор даргинского выпуска***
П. М. Сулейманова zehra.fatimat@mail.ru

***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru

***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru

***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru

***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru

***Корреспонденты:***
А. Тажудинова, В. Ратенкова, Р. Бакидов,
С. Эмирова

***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru

***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 26.02.2026 г.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0103. Тираж (2559) 530 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05–00429 выдан Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)

# *Журналалда руго*

1 Редакторасул калам
***ЦIияб дунял...***

2 Инсан
***ЛъикIлъиялъе кидаго рагьараб ракI***

8 СВО
***БахIарчиясул эбел***

12 Хасаб пикру
***Гьерсихъабазул агьлуйищ яги мекъи ккаралищ?***

14 АхIана нужей кечI керенги рагьун...
***Ваче дун, ваче дун...***

16 Адабият
***Бакъдебусс***

18 Ясазул годекIан
***Дир зазитIегь тIегьан буго***

20 Адабият
***ХанжаргIаги щибизедай***

22 ГIумруялдаса лъугьа-бахъин
***Бальгольиялъул кIуни***

26 Заманцояй
***ТIехь букIине буго***

30 Инсан
***АхIун лъугIулареб кечI***

34 Хъизан
***«Эвересталде хутIизегIан, бокьаралъуве»***

38 Ишалъул гIадан
***Гьале иш!***

42 Пишацояй
***Канлъиялъул цIурай***

46 Маданият
***Нижбакъназ данде гьаруна***

50 Къисмат
***Бищун бецIаб сардильги чIваэе бегьула кунчIи***

54 Театр
***Кин Расми ЖабрагIилов артистлъун вахъаравали***

***POST scriptum***

57. Наши дети
***Все пути ведут к людям...***

61. Литературная страница
***Айна, Ваня-Ванечка и Вагиф***

На обложках:
I –Зайнаб Алимирзаева – руководитель отдела социальной политики администрации г. Махачкалы
III – Работа Г. Пшеницыной
IV – Работа К. Власовой

# ЦIияб дунял...



Дунялалда руго гIемерал лъуг ьа-бахъинал! Нилъеда цебечIолеб букIараб гIадин гьечIо дунялалъул иш. Америкаялъул президент Дональд Трампица викъун вуго Венесуэлаялъул президент Николас Мадуро. Гьединго Трампица хIаракат бахъулеб буго Даниялъухъа Гренландия бахъизе. Ираналда хIукумат биххизабиялъул ва инкъилаб бахъиялъул хIинкъи бугеб гъалмагъир багъаризабуна гьес. Гьеб кинабго гьабулеб буго, Америкаялъул тIадтаразухъ гIенеккани демократиялъул ва ритIухълъиялъул щулалъилъун рикIкIунеб, Америкаялъ. Амма бичIчIулеб жо буго Америкаялъул жидерго интересал рукIин ва тIубалареб анищ – дунялалдаго кверщел гьезие къваригIун букIин.

Дунялалъе щиб лъугьун бугеб? ГIадамазе щиб лъугьун бугеб? Яги биххун иналдейищ дунялалъул иш ккун бугеб? Суалал гIемер руго, гIумруялъ ва заманаялъ кьела гьезие жавабал.

Нилъ, руччаби руго, нилъерго къагIидаялда, дунялалъеги нилъеегоги лъикIлъи гьабизе хIаракат бахъулел. Цо-цо мехалъ дие бокьун букIуна космосалде йоржине ва батIияб планетаялъул чиясул бераздалъун ракьул торгIоялъухъ ялагьизе. Ва гьеб лахIзаталда дир берazda цебе загьирлъула дунялалъул сурат: нилъ руго цIвабзазулъ цо тIанкI – гьединал тIанкIал миллиардал руго космосалда! ГIажаиблъизе ккараб жо – щиб камун нилъ, нилъерго миссия тIубазабизе кIвечIел гIакъилал рухIчIаголъабазул подвид хIисабалда ракьул гьурмадаса рацIцIинчIого, гIодоре риччазе кIоларого ругел?

Гьеб ахIвал-хIалалда дир хьул цохIо нужеде гурони гьечIо – дир хириял руччаби. Парахатаб ва талихIаб гIумру ракьалда халалъизе, киналго мацIазда кинидахъкечIги ахIулаго, кIибикIе ракълилаб кини. Дунял басрияб букIаниги цIияб букIаниги, дунялалъул хважаин цо гурони гьечIо – гьейги йиго чIужугIадан!

Баркула нужеда тIаде щолеб ТIолгодунялалъул руччабазул къо, нижер хириял, бищунго берцинал, рокъоб цIа ва цIва цIунулел руччаби!



Хамис Шамилова,
*бетIерай редактор*



Зайнаб Палимирзаева

# ЛъикIлъиялъе кидаго рагьараб ракI

***МахIачхъала шагьаралъуллъул Администрациялъул социалияб политикаялъул Управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIалимирзаевалда бигьаго батула гIадамазул рекIелъе нух. Политикаялъул бицунеб бакIалде ккани, гьеб темаги гъваридго лъала Зайнабида, рахьдал мацI бокьулезда аскIое кканани, гьездасаги лъикI, чIикIасезул кIалзул гьунарги кепал лъугьа-бахъиналги гьоркьор речIчIизарун, гьебги бицуна Зайнабица. Бокьараб иш дандбанани, кин дагьабги лъикI гьеб гьабилебалиги малъула гьелъ. Жиндирго гIумруялде бугеб рокьиялъул ва жигаралъул кумекалдалъун, гьелъухъа бажарула кигIан захIматаб масъалаги гIумруялде бахъинабун ва цогидалги хадур цIан.***

### *ГIуцIарухъан ва хIаракатчIужу*

– Дир Управлениялда буго кIиго отдел, – ян бицана Зайнабица. – социалияб цебетIеялъулги СВОялъул гIахьалчагIазулгун ва гьезул хъизаназулгун хIалтIи гьабулебги. МахIачхъала шагьаралъул мэр Жамбулат Салавовас щибаб моцIалъ тIаде къабул гьарула гIадамал. Дицаги дир пишацоязги къойида жанир гьезда гьоркьоса 15-17 чи тIаде къабул гьарула. Нижехъе рачIунезул гIемерисел ккола СВОялъул гIахьалчагIи ва гьезул хъизанал. ГIарза хъваразул цояй, СВОялъул гIахьалчи, араб бакI лъачIого тIагIарав ва хваравлъун рикIкIарав Мурад ГIабдуразакъовасул эбел, Бурлият ГIабдуразакъова. Гьей ячIун йикIана васасе мрамораласул хъарщи лъезе ва жийго больницаялда егизайизе кумек гьарун. Гьелъул харбидасан мэрасда бичIчIана гьелъул рукъалъул тIох къачIазе кколеб хIалалда букIин. Гьес жиндирго хIалтIухъабазе буюрухъ кьуна гьеб тIубанго хисизе. Гьеб хисун бахъиндал, ниж ун рукIана гьелъухъе гьоболлъухъ. РакI чучиялъе хабар бицана, гьелда цадахъ гIодана.

Гьей лъаралдаса нахъе дунги Бурлиятги лъарагI мацIалъ кIалъалел рукIана цоцазда. Циндаго гьелъ гьикъана: «Дида мун хIалтIуда магIарул мацIалъ кIалъалей рагIана. Дуда гьедигIан лъикI магIарул мацI кисан лъараб», – илан. Гьимизеги гьимун дица гьелда, лъарагI мацIалъ: «Дун магIарулай йиго», – йилан абуна. Гьелъ цIакъ гIажаиблъи гьабуна.

БатIалъи гьечIо кинаб мацIалъ кIалъаниги, аслияб жо буго къо ккараб мехалъ кумекалъе рати, рекIелъ хъублъи гьечIолъи ва нилъер къасдал рацIцIадал рукIин.

Кинаб хъулухъалда йигониги, Зайнаб ХIажиевна творческияб бербалагьигун жуяла жиндирго хIалтIуде. МахIачхъалаялъул мэрлъун Салман Дадаев вугеб заманалда гьелъ нухмалъи гьабулеб букIана шагьаралъул пресс-хъулухъалъе ва гIуцIун букIана гIадатиял гIадамаздаги хIукуматалдаги гьоркьоб битIахъего бухьен




гьабулеб, цогидаздаса батІияб система ва гьеб система жакъа къоялде щвезегІанги хІалтІулеб буго. Гьелъул хІаракаталдалъун шагьаралъул гІадамазул цониги суал жаваб гьечІого хутІулароан. Зайнаб «Единая Россия» партиялъул жамгІияб кквербакъиялъул Штабалда хІалтІулеб мехалъги, гьеб бакІ лъугьана, республикаялда гуребги, улкаялдаго бищунго жигаралда хІалтІулел платформабазул цояблъун. Дагъистаналъул хІалбихьиялдаса мисал босизе тІолабго Россиялдаса рачІун рукІана гІадамал.

## *РагІиялде рокьи*

Дида Зайнаб цеегоялдаса лъала. Гьелъул гІуцІарухъанлъиялъе гьунар «Вацлъи» абураб жамгІияб багъа-бачари гІуцІулеб заманалдаго бихьулеб букІана. Нижеца жакъа къоялде щвезегІанги цадахъ гьабулеб буго «Аваразул миллиябгун маданияб автономиялда» хІалтІи, цадахъ тІоритІана гІемерал рахьдал мацІалъул фестивалал, руцІцІенал, конференциял, форумал.

–ДиецІакърокьулаДагъистаналъул миллиял мацІал. Лезги мацІ цодагьаб бичІчІула, лъикІго ричІчІулилан абизе бегьула даргиязул ва тумазул мацІал, лъикІго лъала дирго гІагараб авар мацІ ва гьединго лъарагІ мацІ. Гьеб буго дун Учкенталда гьаюрай ва гІурай йикІиналъул хІасил. Гьениб 5-8 классазда дир рахьдал мацІлъун букІана лъарагІ мацІ. Хадуй дун, расписаниялда лъугьараб хиса-басиялда бан, тІадюссана авар мацІалде.

Зайнаб ГІалимирзаевалъул адабияталде бугеб гъваридаб рокьул бицуна тІокІлъигун лъугІизабураб Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул филологияб факультеталъги. Гьей мукІурлъула жиндир ракІ абадиялъго Сергей Есенинил поэзиялъе кьураб букІиналъе. Гьеб адабияталде бугеб рокьи бахунеб унти букІун буго – гьелъул вас Салманицаги тІаса бищана гьебго факультет.

Рахьдал мацІалдехун гьелъул бербалагьи бихьула халкъияб кІалзул гьунар гъорлъ бессараб гьелъул кІалъаялъулъ ва рахьдал мацІ машгьур гьабизелъун гІуцІцІарал ва гІумруялде рахъине гьарурал проектаздалъун. Гьединазул цояб ккола, киназего хирияб, Аваравтономи-

ялъул нухмалъиялда гъоркь Авартетралда санайил тӀобитӀулеб, Авар мацӀалъул фестиваль.

Цоги бицинчӀого гӀоларо киноискуствоялъул рахъалъ Зайнабил бугеб гъваридаб лъай. Гьелда лъала бокьараб кинофильмалъул актеразул цӀараздаса ва цитатабаздаса байбихьун, кино тӀибитӀизабиялъул гъварилъабазде щвезегӀан, кинабго.

## *Гьудул, пишацояй, гьалмагъ...*

Нижеца Зайнабил гьудулзабазда ва пишацоязда гьарана Зайнабил сипат-сурат гьабеян. Гьале гьез бицараб:

**ПатӀимат ГьитӀинова, гьудул, журналист**: сундулъго мухӀканай, камилай, кополай, жиндир гӀахьаллъиялъ кинабгӀаги свери берцин гьабулей гӀадан йиго Зайнаб ГӀалимирзаева. Нилъер аскӀосел гьудулзабазул рахъалъ рагӀи абизеги бигьаго букӀунаро. Кин бугониги, къиматаллъун щай гьел лъугьаралинги бижулелъулха суал.

Махщел бугев къадахъанас къед берцин гьабизе лъикӀаб гамачӀ хъирщула, бекӀкӀун къачӀала. Гьедин халгьабун цӀехола магӀарулазул рухӀияб, маданияб хазина цӀунулел нижер пишацоязги жидер хасаб хатӀ ва пикру бугел гӀолилал. РакӀ-ракӀалъ абила – бокьараб къед берцин гьабулеб къиматаб гамачӀ гӀадай яс ятана дида Зайнаб. Лъай-хъвай ккараб къоялдаса нахъего, жамгӀиял хӀалтӀаби гьаризе гьелъул бугеб шавкъалда гӀажаиблъунги йикӀунаан. Нилъер заманаялъ цӀакъ къанагӀат гурони гьечӀелъулха гӀадамазул ракӀазе рохел кьолеб хӀаракатчилъиялъул гӀолилал.

ГӀодоблъиялда гӀуниги магӀарухълъи хирияй Зайнаб ккана, миллаталъул рухӀияб ирс бокьулел, гьеб цӀуниялъул кӀвар бичӀчӀулезул ракӀбакьулъе. ГӀемерал соназ цого сверулъ ругел гӀадамазул гӀамал-хасият нилъее рагьичӀого хутӀуларо. Зайнабил ракӀбацӀцӀалъи ва гьудуллъиялъул къимат гьабизе лъай цӀикӀкӀун халлъана «Миллат» казият биччалел соназ, магӀарулазул гӀаммал тадбирал гӀуцӀулаго. МагӀарулал гъункиялъе хӀалтӀи гьабулев щуго чи ватани, гьезулги цояй Зайнаб йигин абуни мекъи ккеларо. Гьейгун цадахъал нижер ишалги лъугьуна гвангъарал, гӀадамазе рохел кьолел.

ГӀемерав чиясе къиматав чи Алагьасеги вокьулин абула, нилъее гьечӀого гӀоларей яс йиго Зайнаб.

**Джамиля Забитова, пишацояй:**

Зайнаб дида некӀогоялдаса лъала жиндир хӀалтӀул профессионал хӀисабалда. Къисматалъ цо проекталда цадахъ хӀалтӀизе тӀамуна ниж. Хадур цогидалги рукӀана гьединалго хӀалтӀаби. Гьей йиго гӀажаибго ракӀ тӀеренай, бокьарав чиясе кумек гьабизе хӀадурай гӀадан. Чияр захӀмалъаби тӀаде росизе ва бокьараб хӀалтӀи рагӀалде бахъинабизе хӀадурай йикӀуна гьей кидаго. Кумекилан чи аскӀове вачӀани, гьей тӀуянго гьеб суалалде гъорлъе лъугьуна, жиндирго рекӀелъан биччала ва кӀварабги кӀвечӀебги гьабула гьев чиясе кумекалъе.

Хасаб хӀурмат гьабизе бачӀуна гьелъул жиндирго миллаталде бугеб рокьи бихьидал. Лъала гьелда авар мацӀ, маданият, адабият, тарих ва жигаралда кумек гьабула гьеб цӀунизе ва цебетӀезабизе. Гьелъулъ гӀажаибго цолъун буго маданияталде бугеб рокьи, рахьдал мацӀазул тӀалаб ва тарих лъай.

**Раджаб Хасбулатов, пишацояв:**

Зайнаб дида лъаралдаса гӀемераб заман гьечӀо, амма бер чӀварабго бичӀчӀана «нилъерго чӀужу» йикӀин. Гьей йиго цӀодорай, жигарай, хӀалхьи лъаларей гӀадан. Гьелъул махсараби цӀакъ гӀагараллъун рихьана дида. Гьединги, нижер росдада мадугьалихъ бугеб ЦӀияб ЧӀикӀаса йикӀун йиго. Гьеб мехалъ кинабго бичӀчӀана. Гьеб росдал гӀадамал ратӀарахъизе лъала берцинго, рекӀелъе бортуледухъ хабар бицине бугеб махщелалъ.

**ПатӀимат МахӀмудова, гьудул, журналист:**

Дица гIажаиблъи гьабула гьелъул свак лъачIого хIалтIизе бугеб бажариялъул. Дида цоги лъаларо гьей гIадин гьабулеб ишалъе мукIурав чи. АнцIго соналъ хIалтIана Зайнаб хIухьбахъи ва гIодобкъо щибжояли лъачIого.

Гьей гIадинай «халкъалде гIагарав» шагьаралъул чиновникги лъаларо: бокьараб суалалда тIасан киналго кIалъала, гьеб суалалъул жавабиясухъе гурел, Зайнабихъе.

Цоги гьей йиго лъикIай гIуцIцIарухъанги. КIиго сагIаталда жаниб бокьараб фестиваль гIуцIцIун бажарула Зайнабихъа, тIубараб республикаялдасго халкъги бакIарун)).

**Аминат ХIасанова, Дагъистаналъул миллияб политикаялъул ва диналъул ишазул министерствоялъул отделалъул аслияй специалист-эксперт:**

Зайнаб... Зайнаб дида лъана Салман Дадаевасул заманаялъго. Гьеб мехалъ «Город наш» илан абураб къокъаялъул санагIат гьечIел суалазе жаваб кьолей, гьелгун дандчIвалей ва цадахъ проблемаби ритIизаризе жигар бахъулей чIужуги йикIана Зайнаб, шагьаралъул Администрациялъул информациялъулаб политикаялъул Управлениялъул нухмалъулей.

Унго-унгоги Зайнаб щияли дида бичIчIана гьелъул нухмалъиялда гъоркь «Единая Россия» партиялъул жамгIияб квербакъиялъул Штабалда хIалтIулеб мехалъ. Гьединав гIажаибав инсан дида гIумруялъ дандчIвачIо.

Зайнаб йиго унго-унгояй гIадан ва гьелъул буго цIакъ къуватаб ва кIудияб ракI, гьелъухъа бажарула кумек къваригIарав щинасда кверчIван. СВОялда васал тIагIарал улбузда аскIойги Зайнаб, васал чIварал улбузда аскIойги Зайнаб, чан хъизаналъе гьелъ кумек гьабураб захIматаб заманаялъ, гьелъул бицун хIалкIоларо.

Бицине бокьун буго гьелъул адабалъул, хасго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазде. Кинаб хIалтIуда йигониги, киб бакIалда йигониги батула Зайнабида заман гьелгун дандчIвазе ва гьезие жиндихъа бажарараб кумек гьабизе. Жиндирго эбел-инсуде гIадаб бербалагьи буго гьелъул кIудиял чагIазде. Гьеб гьелъие хIалтIи гуро, рекIел хIал буго, гьезул бахIарчилъиялъе ва къохIехьеялъе бетIер къулулеб.

Зайнаб гIадинал гIадамал гIемер рукIаралани, дунялалда гIумру дагьабги лъикIаб, бигьаяб ва берцинаб букIинаан. Аллагьас цIунаги гьей Дагъистаналъе.

**МахIач ГIабдулаев, блогер:**

БицинчIониги лъаларищха, Республикаялъул информациялъулаб сектроралда бищун гIажаибай яс йиго Зайнаб ГIалимирзаева. ЖамгIияталдаги хIукуматалдаги гьоркьоб бухьен лъугьинабуна гьелъ. Гьей йикIана гьезда гьоркьоб лъураб гьитIинаб кьолъун гIемераб заманаялъ. ГIемерал рахъаз цеетIурай гIадан йиго Зайнаб: филология яги журналистика босаниги, патриотизмалъул бицаниги... Маданияталде бугеб рокьиялъул бицинего бицунге... Гьелъ батила Зайнаб киназегоги йокьулей.

**Аминат ГIабдурахIманова, гьудул, пишацояй, эколог:**

Зайнаб йиго масштаб, идеязул генератор. Гьелъухъа бажарула кинабго хIалтIул даража борхизабизе ва гьеб республикаялъулго даражаялде бахинабизе. Цоги гьелъухъа бажарула кIваригIунел чагIазда бокьараб ишалъул кIвар бичIчIизабизе. Гьеб кIудияб хIалти буго. Гьедин букIана дица гьелъулгун дандбараб чанго экологиялъул проектги. Экологиялъул декадабиги гьединго тIоритана нижеца тIубараб республикаялдаго. Гьединал гIадамалгун хIалтIизе цIакъ бигьаго букIуна.

«Портрет солдата» абураб проекталъул хIакъалъулъ бицине бокьун буго. Гьеб букIана Зайнабил идея, Республикаялдаго тIобитIараб. Гьелдаса хадуб Россиялдаго тIи-

битIана гьеб ва щвана Президентасухъе. «Единая Россия» партиялъул данделъиялда, Дагъистаналъул идея бугилан, бицана гьеб проекталъул хIакъалъулъ.

Гьеб даражаялда проектал гIуцIцIизе ва гьел гIумруялде рахъинаризе къваригIунеб кинабгго буго Зайнабил: гIадамазде рокьул цIураб ракI, тIадегIанаб лъай ва кIудияб хIалбихьи.

**МухIамадрасул ГIумаров, гьудул, пишацояв, журналист:**

Коллега хIисабалдаги, 10-15 соналъ лъалей гIадан хIисабалдаги абила – Зайнаб йиго кIудияй патриот, хIалтIуе кьурай гIадан. Гьелъухъа хIалтIи гьечIого хIалхьуда йикIунцин бажаруларо. ЦIакъго дида берцин бихьула гьелъул эбелалдехун, вац-яцаздехун бугеб бербалагьи. Гьединабго бербалагьи буго гьелъул гьудулзабазде ва цадахъ хIалтIулездеги.

**Саният Дадаева, классцояй ва пишацояй:**

Зайнаб ХIажиевна йиго дунял жаниб гьунеб кIудияб ракIалъул, цIодорай, гIемераб жо лъалей, ритIухъай, гIадамал ричIчIулей ва кидаго кумекалъе хIадурай гIадан.

Гьелъухъа бажарула жиндаго сверун бакI лъикIлъизабун. Зайнаб йигеб бакIалда кидаго ракI рагьараб, хIинкъи гьечIеб, гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIуна. Чанго рагIудалъун гьелъул бицун бажаруларо…

**МахIач Шамилов, СВОялъул ветераназул Ассоциациялъул ва «Память гор» ДРООялъул председатель, пишацояв:**

Зайнабил хIакъалъулъ дида бищун лъикIал рагIаби абун бажарула. Гьелъ кумек гьабула «Память гор» ДРООялъе гуребги, киналго СВОялъул гIахьалчагIазе, гьей йиго гьел суалазулъ цеехъан, бищун лъикIай, ракIбацIцIадай, ракIрагьарай, унго-унгояй магIарулай.

**Шамил Мусаев, МахIачхъала шагьаралъул Администрациялда социалияб политикаялъул Управлениялъул отделалъул нухмалъулев:**

Зайнаб ХIажиевна йиго жиндирго рагIул бетIергьан, ракI лъикIай гьудул, пишацояй ва ритIухъай нухмалъулей. Гьелда ракIалда бугеб щинаб бицине бегьула, лъикIаб гIакълу кьола, битIараб нух бихьизабула.

* * *

Гара-чIвариялъул ахиралда дица Зайнаб ГIалимирзаевалъе кьуна цо-кIиго хехаб суал.

***– ГьитIинаб мехалъ кинаб анищ дур букIараб?***

– ГIемерисел советиял лъималазулго гIадин, дирги анищ букIана космосалде йоржине. Гьеб анищалъ дир ракI хинлъизабуна гIемерал соназ.

***– Дуца хIухьбахъи кин гьабулеб?***

– Дие бищунго лъикIаб хIухьбахъилъун ккола гьудулзабигун дандчIвай ва магIарухъ цо-кIиго къо базе щвей. Гьенисан щола дие хIалтIуе къуват.

***– ГIумруялда жаниб бищунго кIудияб дур хIинкъи щиб?***

– Дие бищунго бокьилароан ракI беццайлъун, гIадамазда ракI гурхIуларейлъун, гьел ричIчIуларейлъун, гьезухъе кумекалъул квер бегьуларейлъун лъугьине.

***– Дур бищун кIудияб анищ?***

– Дие бокьун буго нилъер ВатIан бечедаблъун, гьарзаяблъун бихьизе, Дагъистан жиндирго лъималаздаса чIухIизе, цIиял гIелазда лъикIаб гIумру бихьизе.

***– «МагIарулай» журнал цIалулезе щиб дуца гьарилеб?***

– Хириял «МагIарулай» журнал цIалулел, нужер чорхолъа унти аги, рекIелъа ургъел аги, талихIаб гIумруялда гIемераб мехалъ таги!

ХIаракат бахъе гьаб дунял лъикIлъизабизе, цIуне гIагарал, тIалаб гьабе тIабигIаталъул, хIалтIе нужерго напсалда тIад, Китаялде щвезегIан ине кканиги, гIелму-лъаялда хадур лъугьа ва ракIал кидаго лъикIлъиялъе рагьун те!

***Баху МухIидинова***



Мадина
АбутIалимова

# БахІарчиясул эбел

***СВОялъул гІахъалчи, 26 сон барав Россиялъул БахІарчи, Дагъистан Республикаялъул миллияб политикаялъул ва диниял суалазул министрасул ишал тІуразарулевлъун тарав Темирлан АбутІалимовалъул эбел Мадина Юсуповна АбутІалимовалъулгун нижер журналалъул редакциялда букІараб дандчІвай лъугьана ракІ рагьараблъун. Унго-унгояв бахІарчи гІезавурай хІеренай, берцинай, гІолохъанай эбелалъ лъимерлъуда кинав гьев вукІарав, кин гІурав, тарбия кин къураб ва гьанже кин гьей гьесдаса чІухІулеяли бицана.***

Гьелъ байбихьудаго бицана Тамерлан гьитІинаб къоялдасаго ритІухълъи бокьулев, битІаралъул рахъ ккурав, яхІ бугев вас вукІанилан. Гьединавлъун хутІун вуго гьев жакъа къоялде щвезегІанги.

Мадина АбутІалимова гьаюна Гъизилюрт шагьаралда. МахІачхъалаялде яхъинегІан, шагаралъул больницаялда бухгалтерлъун хІалтІилей йикІана. МахІачхъалаялде яхъингун, хъизаналда квер чІвазе ва школалде унеб ригьалъул кІиго вас хьихьизе, жиндирго гьитІинабго ИП рагьана гьелъ. КІиявго васасул цІалиялде гьитІинго рокьи бижизабуна эбелалъ.

– Нижеца Гъизилюрталда гІумру гьабулеб мехалъ Темирлан лъикІал къиматалгун цІалулев вукІана 7-леб школалда. Дун лъималазе гІоло гочана МахІачхъалаялде ва 5 классалдаса 11 классалде щвезегІан дир вас цІалулев вукІана МахІачхъалаялъул 17-леб гимназиялда. Гьанжеги гьес жиндирго мугІалимзабазулгун ва класс-цоязулгун бухьен тІезе толаро.

ЗахІматаб политикияб ахІвал-хІал букІин бихьаниги, нижеда киданиги ракІалде ккун букІинчІо нижер васал рагъизе ккезе ругилан. Темирланица школалдаго хІукму гьабуна гІумру улкаялъе хъулухъ гьабиялъе кьезе, гьединлъидал тІадегІанал къиматазда школаги лъугІизабун, гьев цІализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридикияб факультеталде «бюджеталде». Гьесул хасият буго гьединаб – ракІалде ккараб жо гьабичІого чІолареб. КІудияв вас, кин букІаниги, гІодове виччарав, сабурав вуго, – ян гьимана Мадина.

МахІачхъалаялда тренер Анвар-бек ГІамиржановасда цеве таязул боксалъе ругьун гьавулев вукІана Темирлан, Россиялъул спорталъул мастерлъиялде кандидатлъунги вихьизавун вукІана. ТІаде жубазе бокьун буго, гьесул тарихалдехунги букІана кІудияб рокьи, некІсияб заманалдаса байбихьун жакъа къоялде щвезегІан. Гьес цІалулаан бахІарчиял командирзабазул хІакъалъулъ тарихиял тІахьал, лъалаан рагъазул хІакъалъулъ гІемераб жо.

Темирлан, 2019 соналъ университетги лъугІизабун, армиялде ана. ТІадаб рагъулаб хъулухъ гьес тІубазабуна Брянск областалда бугеб мотострелокабазул ротаялда. 2020 соналъ армиялдаса тІадвуссун, заочно цІализе лъугьана магистратураялде ва хІалтІана Хасавюрталъул РОВДялда следовательлъун. Гьесие жиндирго хІалтІи рохеллъун букІана, амма Хасаб рагъулаб операция лъазабураб-



го Темирлан, жиндиего бокьун, ана ВатIан цIунизе.

Кин гьелда лъараб ва кин гьелъ къабул гьабураб вас рагъде унев вугилан абураб хабар? Мадина Юсуповнаялъ жинда гьелъул хIакъалъулъ щибниги лъалеб букIинчIилан абуна.

– Доб къоялъ радал гьес, жиндихъе повестка бачIанилан абуна ва рокъоса къватIиве ана. Дида ракIалде ккун букIана гьев военкоматалдеги ун рокъове вачIинилан. Къаси кIалъан вачIана, жив СВОялде унев вугилан. «Дун Чачан республикаялда вуго, нухарегIизе бокьани, метер Шалиялде рачIине бегьула». Дида ракIалда букIана цо-кIиго къоялдасан кIудияв васасе, Нarимание бахIарай абизе ине, цинги дихъе щвана гьединаб хабар! Дир цIакъ ракIбакъвана, сундасаго ракIбуссана ва радалго Шалиялде щвана.

Дун гьение щвезегIан гIодана, амма васасда цебе дирго загIиплъи бихьизабиларилан, къвакIун чIана, гьесиеги ракI-макI гьабуна. РатIалъулаго гьес къвал бараб мехалъ, дица хIалицаго ккун букIана магIу. Аллагь гурхIун ватила, дица гьоркьоса къотIичIого гьарулеб букIана ТIадегIанасда дир вас чIаго-гIатIго рокъове вачеян.

Гьединго Мадинаца бицана вас Россиялъул БахIарчилъун вахъиналъулги жинда рагIунцин букIинчIилан: «Дида абуна жакъа телевизоралдасан Россиялъул президент Владимир Путиница дур васасе шапакъат кьолеб бихьизабизе бугилан. Ялагьун чIун йикIана. Ругоха шагьаразул бутIрул, гIемерал лъалел-хъвалел, тIубараб читIир гIадамазул бачIинеб, баркулеб, телевидениялъ бахъулеб, интервью босулеб... Гьабилеб жо лъаларого хутIун йикIана дун... Дида хутIизегIан, киназдаго лъалеб букIун буго», – йилан ракIалдещвезабуна Мадинаца.

Темирлан АбутIалимовас, жиндирго командир, гьединго Россиялъул БахIарчи Евгений Груздев хун хадуб, нухмалъи гьабулеб букIана

мотострелокабазул ротаялъе. 2023 соналъул 7-леб ноябралда лъазабуна АбутIалимов БахIарчилъиялъул орденалъе вихьизавун вугилан, гьебго соналъул 19 декабралда лъазабуна гьесие «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIар кьун бугилан. Гьебго къоялъ Миллияб оборонаялъул централда тIадегIанав главнокомандующий Владимир Путиница гьесул каранда бана Россиялъул БахIарчиясул «Меседил цIва» шапакъат.

Гьеб гуребги, Темирлание кьуна «За отвагу» медаль ва «За заслуги перед Республикой Дагестан» орден ва 2024 соналъ цоги БахIарчилъиялъул орден.

Киналго шапакъатал эбелалъул ругилан рикIкIунеб буго Темирланица. «Дие дунялалда бищун хирияй, гIагарай йиго эбел, гьелъ кидаго ккола дир рахъ ва кьола гIакълу. Эбел кидаго дир рахъалда йикIана, гьелъ кьуна дие къуват, кинаб ахIвал-хIалалде кканиги. Гьаб «Меседил цIваги» гьелъул шапакъат буго, эбелалълъидал дида кидаго ритIухълъиялъул рахъалда вукIине, тIекълъигун вагъизе малъараб. ГIорхъи гьечIеб рокьул ва баркалаялъул асар буго дир эбелалдехун. Хьул буго гьей дидаса чIухIулей ятилилан».

Мадинаца рахIатхун бицунеб букIана васасул ругъназул хIакъалъулъ…

– БукIана заман, Работинориялда гьужум гьабун хадуб Темирлан 40 къоялъ вачIинчIо бухьеналде. Чан батIиял пикраби дица гьарурал. Цинги гьев жив санаториялда вугилан кIалъана, дида гьебсагIатго бичIчIана гьев азарханаялда вукIин. Гьесие дун къварид гьайизе бокьун букIинчIо. Жакъаги гьес щибго бицунаро доба бихьаралъул. Дицаги гьикъуларо. Щай араб ракIалде щвезабилеб, гьесие бокьун гьечIони?

СВОялъул гIахьалчагIазул киналго – лъимал чIаго хутIаралги, васал камуралги улбул ахIулел – тадбиразде жий ракI бецIцIулаго яхъунилан бицана Мадинаца.

– Я дир, я дунялалда лъилниги гьечIо хварал рагъухъабазул улбузул ракIазе парахалъи кьолел рагIаби. Гьезда цебе гIайиб ккараб гIадаб асар букIуна дир…. Гьединго рукIуна цогидал васал рагъдаса чIаго нахърусарал улбулги. У, дида ккола нилъер киназулго жавабчилъи бугин гьел вас, эмен, вац камуразда цебейилан…

Абизе ккола, араб соналъ Хасаб рагъулаб операциязул зоналда рагъулел рукIараздалъун гIуцIцIараб «цIияб элитаялъул» программаялде гъорлъе ккана Темирлан АбутIалимов. Гьеб гIумруялде бахъинабулеб буго, Россиялъул президент Владимир Путинил тIадкъаялда рекъон, РАНХиГС Пачалихъияб нухмалъиялъул тIадегIанаб школалъ. Жиндирго кIалъаялда Владимир Путиница тIадчIей гьабуна: «ХIакъикъияб, унго-унгояб элита ккола киналго Россиялъе хъулухъ гьабулел чагIи – хIалтIухъаби, рагъухъаби, божилъи бугел, Россиялъе жидерго ритIухълъи ишалдалъун бихьизабурал, мустахIикъал гIадамал. Программаялъул тIоцересел гIахьалчагIазе насихIат гьабизе руго ХIукуматалъул, Президентасул Администрациялъул, Федералиял министерствабазул ва идарабазул бутIруз, регионазул ва нилъер бищунго чIахIиял компаниязул бутIруз».

Темирлан АбутIалимов гьеб программаялъул 1-себ чваххулъе цIализе лъугьана, хIалуцараб конкуренция букIаниги.

***Дагъистаналъул БетIер Сергей Меликовасул нухмалъиялда гъоркь, Темирлан 1 сентябралъ тIамуна Дагъистан Республикаялъул миллияб политикаялъул ва диниял суалазул министрасул ишал тIуралевлъун. Журналалъул редакциялъ ракI-ракIалъ баркулеб буго Темирлан ГIумаровичасда жавабияб хъулухъ ва гьарулеб буго гьесие хадубккунги икъбал!***

***Виолетта Ратенкова***

# Гьерсихъабазул агьлуйиищ яги мекъи ккаралищ?



***БитIараб жо бицани, киданиги мекъи кколарилан вукIунаан мунагьал чураяв ГъалбацIов. БитIарабги буго.***
***Гьерсаз буго кинабго хвезабун. Кидал нилъ гьадинал гьерсихъаби лъугьарал? БитIараб ахIвал-хIал лъалеб бугони, кигIан рекIелъ рекъолареб гIадаб гьеб бугониги, кин гьеб битIизабилебали нух балагьизегIаги бегьула. Цо гьересиялда тIад цойги гьереси лъун, гьелдаги тIад цойги рекIинабун, гьеб гьерсил гохIалтIе дагьабги тIаде жубан, тIад кIусиялъул щиб хIасил ккелилан ва къелилан нилъ ругел?***

***Нужеда дов толохIочарав хан ракIалда вугищ?***
Дов пакъир ханни, гьерсал рицунел чагIи рукIунеллъицин лъаларев, Аллагьасул вали вукIун вуго. Гьединав вукIин лъан, махсародеги ккун вуго. Ал нилъер «ханзаби» «валабиги» гуро, цониги нилъеца бицараб жоялдаги божуларо... Щайха гьерсал рицунел? Яги, битIарабги бицун, бугеб ахIвал-хIалги лъан, ракI кьвагьун ал хвелиланги хIинкъун, кири батулел гьерсал рицунелищ нилъ?

Гьанир рукIун – шуршудун, дорехун рилълъун – хьимхьидун рукIинчIого, щай бегьулареб битIараб бицине? Нилъер мурад щиб? Нилъ берцин рихьийищ, гьабулеб ишалъул хIасил ккейищ? *(Гьаб бакIалда ракI бацIцIадго жаваб къезе кколаха нилъецаго нилъеего).*

Абеха, ле, бихьинчияс гIадин, валлагь, бетIерчIахъад, гьеб хIалтIи нижеца гьабизеги гьабичIо, гьабизе ракIалдаги гьечIо, ракIалде кканиги гьабунги бажаруларо, щибго гьабун бажарулел хIалтIухъабиги гьечIо нилъер, киналго гIарцухъ росарал руго... Мун тIасаги лъугьа, хIалчIахъад, дур ракI бакъвазабунилан,

амма рагIи, гьедин бугоха аб магIладерил колхозалъул ишилан.

Абуларо. Канищнайила, дур кIалдиса къватIибе иналдего тIубазабунила, гьебги гьабунила, добги гьабунила, добцоябги гьабунила... цойги анцIго тIадкъай кьуниги, алхIам цIалилалде эб кинабгоги тIубазабулила....

Гьеб гьерсил гохI гIуна, цохIо гIарац щвей гурони тIокIаб мурад гьечIел чагIи нилъ лъугьаралдаса нахъе. Гьеб унтиялда цIарги буго жагьиллъи. Жагьилчиясул лъугьуна чIухIухъан, чIухIухъанасул – веццарухъан...

Чан чияс я букIинеселъул, я хадусел гIелазул гIумруялъул, я цебе букIаралъул, я хадуб букIине бугелъул пикру гьабулеб? Жакъа чехьги цIун бугони, чвантиниб гIарацги бугони, шагьар бакьулъ гьундулги ругони, гъоркь рекIун чIухIараб машинаги бугони, лъанги лъачIогоги бицунеб гIурус чIван ингилис чIван мацIги бугони, цо-цо диниял чагIазда жидерго чийин ккезе, гьоркьор речIчIизаризе гIараб рагIабиги лъалел ругони, къиямасеб къо чIчIаниги ургъел щибха бугеб букIинеселъул. Гьеб санагIалъабазул гохı цIунизелъун рицине кколел руго дол гьерсалги.

Дунялалъул батIияб бакIалда гьединаб ахIвал-хIал бугониги, сунца ккунха эб эдин букIинаребилан абун тезе бегьилаан. Дагъистаниял гурищ кинавго чиясда диналда рекъон кин хьвада-чIвадизе кколебалиги лъалел, киназдаго малълъаризеги лъалел, киналго как-кIалалъеги цIакъал, АхIулгохIде каки чури гьечIого ине бегьулареблъиги лъалел, гьенир гIурусазул суратал рукIине бегьулареблъиги лъалел, гьеб гуреб цойгидаб, гIисси-бикъинабги шаргIалде данде ккоялареб жоги хIехьоларел гIадамал? Аб дир хIалтIухъ дие щолеб гIарац хIалалаб бугодайилан щайха пикру гьабулареб? Унго-унгоги вугодайха дунги дир гьав васги инвалидалилан щай суал кьолареб? ХIалалго-бацIцIадго щварал кепказухъ гIумру гьабун чан чи вугев нилъер?

ГьабичIеб хIалтIи гьабунилан абун, борхьил мацI бицун, ришват кьун, хIелхIедун щвараб магIишатги, шапакъаталги, рарал рукъзалги, рекIарал машинабиги бегьулел руго. РекIедаса ун гьабулеб бертин хIалалаб гIарцухъищ, хIарамаб гIарцухъищали цIехоларо, амма гьениб умумулъанго батараб кечI ахIани, яги ихтилат-кеп гьабуни, хванаха иш. ХIарам!

У, гьаб хIарам! Гьереси – хIалал! Ришват – хIалал! ХIелхIелчилъи ва хIалихьалъи – хIалал! Гьебгощинаб «шаргIалда данде кколеб» щинаб жоги гьабун щвараб магIишатги, магIишаталъул бетIергьанги – кутакав чи. Гьесие къулила, гьимила, нуцIа рагьизе векерила, бажарулеб бугони, хIежалтIе витIизецин квербакъила... щиб лъалеб пайда букIинеги бегьулелъул.

ГIадамазе, росу-ракьалъе, ВатIаналъе, хIукуматалъе, дунялалъе пайда бугел, киданиги кIочонареб лъалкI дунялалдаги толел, ахиратги кIочон толарел гIадамалги нилъеда гIемер лъала. Аллагьас кIодо гьареги! Гьездаса мисал босизе нилъееги къуват кьеги. Амма, гIадамазе пайда гьабизейищ дун вижун вугев, дир диего буго пайдайилан, дунял хачалел кьохорхабиги кигIанги лъала нилъеда.

БацIцIун хIарам кунел ругел чагIазул кинаб разилъунгутIи букIине ккoлеб гьаб сверухъ бугеб ахIвал-хIалалдаса. ГIайибиял щал?

Щиб бицаниги малаикзаби нилъ гуро. ЛъикIал чагIиги квешаздаса гIемерал руго. РачIа цо, гьерсалги рицинчIого, ракIбацIцадго хIалтIиги гьабун, хIалалаб боцIиги кун цо лъагIел тIамизе КИНАЗГО... КIалагъоркье чIвараб аб жамгIият тIаде бахъунеб куц бихьизе. *(Байбихьи тIадчагIаз гьабизе кколаха, кинабго тIасанлъидал байбихьулеб).*

Намусалъул лагълъун ва напсалъул ханлъун вукIине тавпикъ кьеги щибав бусурманчиясе!

***Баху МухIидинова***

*РагIаби ГIободияв Шамхаловасул*
*Бакъан ТIагьир Къурачевасул*

**ВАЧЕ ДУН, ВАЧЕ ДУН...**

Ваче дун, йокьулей, ваче дун, ваче
Гьаб гьерсил дунял тун даим рикIкIаде.
БакIал ургъелазул гъогъол гохIилъа
РухI кIалзухъ букIаго ваче дун, ваче.

Ваче дун, ваче дун, ваче дун, ваче
ЧамгIалаб гIумрудул хьуцIилъа вахъун,
РакI хъубазул заман, хъурмазул низам –
Хъанчидаса вахъун, ваче дун, ваче.

Ваче дун, ваче дун, ваче дун, ваче,
Чалухай йокьулей бокьараб нухалъ,
Хадуб балагьун те тушбабазул бо,
Тункаралъуй унел нукарзабигун...

Ваче дун, ваче дун, ваче дун, ваче
Чвердезе гIишкъудал къунареб ралъдахъ.
Къечалъ вухIун холев вугин ракьалда,
Йокьулей, ваче дун рокьул иццахъе.

Ваче дун, йокулей, ваче дун, ваче,
Чарамул кьурабалъ ГIалилъун вугев,
ГIумруялъ квер кьезе ватичIин инсан,
ГIумрудул кьурулъа нахъе ваче дун.

Тахида – ханзаби, ахада – лагъзал,
Цоцаздаса рази руго жакъа нуж.
Базар гьабун бугеб гьаб дунялги тун,
Танкан, дун къасиго къвалакье ваче.

Ваче дун, ваче дун, ваче дун, ваче
Чудказ балкан гIадин тIетIезе тоге,
ТIогьол байдабазде ГIободе ваче,
Чуре рекIел ругънал, рокьул мацI бицун.

Ваче дун, ваче дун, ваче дун, ваче
Чангит тIураб чулъун, эркенлъиялде,
Дур халатаб расулъ бусенги гьабун
Сордо рогьине те, гьуинаб макьилъ.

Ваче дун, ваче дун, ваче дун, ваче...



*Ихдалил махI*

– Унго цо ихдалил гьуинаб тIагIам...
Хасалил цIороялъ жеги телалде.
Хинлъиги цIоройги жубараб гьава...
ЦIилъи чIвазабулеб буго каранда.

Их, хехго тIаде щва, дун урхъун бугин,
Ихдалил тIугьдузул берцинлъиялъухъ,
ТIохазда сверулел гьудулзабаца
РекIелъе рехулеб цо асаралъухъ!

# Бакъдебусс

«... кIочонге... Дуда киданиги кIочонге лъица мун бижизабураб, лъица дуе кваназеги гьекъезеги кьураб ва лъица гIезабурабали», – ян абулеб букIана ракьалъ гьанжего гьанже гIун бачIунеб бакъдебуссалда. Амма, жеги гьитIинго букIиналъ, бакъдебуссалда бичIчIулеб букIинчIо гьел рагIабазул магIнаги гьезда нахъа бахчараб пикруги. «Дида киданиги кIоченаро», – ян жаваб кьолеб букIана бакъдебуссалъ. Гьеб жеги гьитIинго букIана...

Хисулел рукIана къояз сардал, унеб букIана заман, кIудияб гIолеб букIана бакъдебусс. Халалъулеб, борхалъулеб ва щулалъулеб букIана гьеб. Бакъдебусс кIудияб гIунагIан, хIинкъизе лъугъана ракь ва зама-заманалдасан гаргадулаан: «Дуда киданиги кIочене бегьуларо дица гIезабураб жо мун букIин... Лъан букIа, гьаб дунялалда киналъулго аслу ккола ракь, ракьалъ кьола киназего гIумру, ракьалъ кьуна дуеги...» Ва бакъдебуссалъ жаваб кьолеб букIана: «Дида лъала гьеб, баркала дуе...»

Амма, дагь-дагьккун кIудияб гIолаго, бакъдебуссалда цогидаб къуват букIинги лъана. Гьелда жеги бичIчIулеб букIинчIо щиб къуват гьебали, амма лъалеб букIана цоги жо букIин. Гьеб пикруялъ рахIат толеб букIинчIо бакъдебуссалъе ва, яхI



гьабизе кӀвечӀого, гьадин кӀалъана гьеб ракьалда: «Дида лъала, дуца квен кьун букӀинчӀебани дун некӀого ракьулъ турун букӀунаан... Дун дуе налъулаб буго... Амма дида зама-заманалдасан ракӀалде кколеб буго цогиги жо бугин дунялалдайилан... Дида лъаларо кисан бачӀараб пикру гьебали...» БокьичӀо ракьалъе гьеб пикру: «Дуца, бакъдебусс, гьеб рагӀи жибго те... Мун мекъи кколеб буго. ГьабсагӀат дица биччан тани, мун бегун уна, дица квен гьукъани — бакъвала... ГьабсагӀат дуца дие бицунеб хабар буго нус-нус соназ гьаб дунялалда бицараб хабар, гьеб бицанщинав мекъиги ккана. Киналъулго аслу ракь буго». Бакъдебуссалда бичӀчӀана жиндир рагӀи ракьалъе данде ккечӀолъи ва гьелъул пикру ккана кӀалъачӀого чӀезе. Бакъдебусс хӀинкъана ракьалъ квенги кьечӀого жибго бакъвазабилилан.

Хисулел рукӀана къояз сардал, унеб букӀана заман, кӀудияб гӀуна, щулалъана бакъдебусс. Амма кигӀан кӀудияб гӀуниги, рес букӀинчӀо гьелъул ракьалдаса батӀалъизе, гьелда бичӀчӀулеб букӀана ракьалъ кьураб гӀумру ракьалда нахъе босизеги кӀолеблъи. Амма гьелъие рахӀат толеб букӀинчӀо добго пикруялъ «Щиб гьеб? Ракь гуреб цогиги щиб бугеб гьаб дунялалда?»

Бакъ!

Бакъдебуссалъ гӀажаиблъи гьабуна жиндаго гьеб бичӀчӀулеб букӀинчӀолъиялда. Гьелда гьанже бичӀчӀана ракьалъ жиб гӀезабизе бащадаб гурони хӀалтӀи гьабичӀолъи, ракьалъе кинабго жиндицаго гьабунилан чӀезабизе бокьун букӀин, ракьалъул гьединаб хасият букӀин. «БукӀун буго цогиги къуват... БукӀун буго, дун бегун инчӀого букӀине кквезги кколареб, дир кьалбаздаги хъвалареб ва рикӀкӀадасан, чорхолъе рухӀги биччан, дун бахъун чӀезабулеб къуват», — план пикру гьабуна бакъдебуссалъ.

Ва байбихьана бакъдебуссалъ радалалдаса бахъараб къасилъагӀан бакъуе какал разе. ТӀубараб къоялъ зодобеги балагьун, бакъуда хадубги сверун, гаргадана гьеб бакъуда: «ТӀаса лъугьа, дида нахъа гурони бичӀчӀичӀо дур къуватги, мун щибжоялиги, дие мун щиб кколебалиги. Дун гуккана дирго кьалбаз, ракьуца кьолеб кваница... Гьанже бичӀчӀана дида лъица дие хӀакъикъияб гӀумру кьурабали...», – гьедин гаргадана бакъдебусс щибаб къоялъ...

РагӀана гьеб калам ракьалда. Ццин бахъана гьелъул: «ЯхӀ гьечӀо дуда бакъдебусс, дица гӀезеги гьабун, доба, кибалиго бугеб бакъуе какал разе рекъон гьечӀо! Дуца дие разе ккола какал. Дие! Мун хьихьараб ракьалъе». «Кколаро ракь... Дица какал рала дие хӀакъикъияб гӀумру кьуралъе, дуца кьураб квен дица сундуе гӀоло кунеб бугебали бицаралъе...» «Гьедин батани, – ян абуна ракьалъ, – дица дуе квенги кьеларо, мунги бакъвазабила!»

«Гьабеха...» — ян жаваб кьуна бакъдебуссалъ. Гьеб мехалда бичӀчӀана ракьалда бакъдебуссалъе хваниги ургъел гьечӀолъи, жиндица кьураб гӀумру гьелъ хӀалеб гьечӀолъи, жиндикьа гьеб хӀинкъулеб гьечӀолъи. Гьанже ракьалъе батӀалъи букӀинчӀо бакъдебусс бакьвазабуниги гьабичӀониги, ракьалда бичӀчӀана, бакъвазабуниги гьабичӀониги бакъдебусс жиндасаго батӀалъараблъи. Ракьалда бичӀчӀана бакъдебусс батӀияб гӀумру гьабулеб букӀин.

Амма бакъдебуссалда кӀоченчӀо ракьалъ жиндиего гьабурабги – бакъ тӀерхьаралдаса нахъе, метер гьеб баккизегӀан, бакъдебусс гӀодобе къулун, ракьалъухъ балагьун чӀола, ракьул хӀурмат гьабун чӀола. Гьедин хӀадурлъула гьеб щибаб сордойил, бакъ баккарабго, гьелъие какал разе. ТӀокӀаб ракьалдасан бакъдебуссалъе къваригӀараб жоги букӀинчӀо....

***МагӀаруласги рухӀияб гӀумруялде кӀвар цӀикӀкун кьола, магӀишаталдеялдаса... Кьолаан. Гуребани, бищунго бечедал чагӀи рукӀинаан магӀарулал...***

***ГъазимухӀамад ГъалбацӀов***

# Дир зазитІегь тІегьан буго...

Цо къоялъ, рогьалилъ берал рагьаралго, микьго соналъ, замагадалъарав херасул магжида релъун, горда тІад кІусун букІараб зазитІегь тІегьан батула чІужугІаданалда.

– ВахI. Дун ццидалай, ракI чIегIерай чIужу йигилан гурищ ал рукIарал, йикIун гьечIо гуриха. Ццидалал ва ракI чIегIерал чагIазул гортIа гьадигIан берцинаб тIегьищ тIегьалеб? – илан ракIалде ккана гьелда.

Жеги гьеб тIогьол пикрабазда хIалтIуде ячIунаго, расги жиндагоги лъачIого, цо чиясул хIатIида тIад чIола гьей. Амма, досул ццидаде абурал рагIабазе кидаго гIадин ццидалаб жаваб кьечIого, гьалъ, гьимулаго: «ццин бахъине биччаге, бетIерчIахъад, дирги лъачIого ккана... Бокьани мунги чIаха дир хIатIида. Гьеб мехалъ нилъ кIиялго бащад ккола», – ян абула.

Бахъун букIараб ццинги гIодобе биччан, щибго абичIого уна гьев жиндирго нухалъ. Цодагьав довегIан щвейгун, гьев лъалхъула газет-журналазул киоскалда цеве. Газеталъухъ кьураб гъурщидаса нахъе кьолел кепказул хIисаб-суал бачIунарого йигей йичарухъаналъухъги валагьун, ццин бахъун, ягъа-ячарун яхъунгутIиялдейилан лъугьинчIого, «бигьаяб жо... дунгиха гьеб жубай-бахъиялъе лъикIав гьечIев, радалго», – йилан абула гьелда. Гьасдаса гьединаб калам рагIизе ракIалдаго букIинчIей гьей гъарималъ, гьас босараб газеталде тIадеги, церего рукIарал кIиго журналги, нахъе хутIараздаса къвал цIун газеталги кьола гьасухъе, кидаго жиндир киоскалдаса бищун учузаб цо газета босулев, кутакалда цIалдезе бокьулев пенсионер хIисабалда.

Къвалакь ккун газет-журналалгун рази-ракиго рокъове вачIинев вугев гьасда рукъалъул кIалтIа ятула рукъалъ жиндаго тIадехун йигей мадугьал. Кидаго гIадин, «дуца рокъор пилалищ хьихьун ругел, гьезул тIвапиялъ цо лахIзаталъги гьечIоха дие хIалхьи», – йилан вагъизе жувачIого, «вааа, кIудияй гIун йихьула гури дур ай яс... ГIумру бугей ятаги. ЛъидагIаги гьай релълъарай йигей? Дуда пархен бугин ккола... Бихьулеб бугоха рохха-рукIадаго бищун берцинай яс йикIине йикIин», – иланги абун уна жиндирго рокъове. Абизе рагIи батуларого, гьакIкIан кIалгун мадугьалги хутIула.

Ясги ясли-ахалде щвезаюн, хIалтIуде щварай гьелда, врачасухъе сонго ячIине кколей йикIарай цо херай, гьесухъе жакъа ячIун ятула. Ругьунабго хIалалъ семизе лъугьинчIого, гьалъ, «гьа, ракI бакъвазе биччаге, дидагиха цо-цо жо кIочон тун батулеб, нилъеца цо щиб букIаниги ургъилин», – ян гьелъие ракI-макI гьабула ва врачасда цо гьитIинаб заман гьай гIаданалъеги батеян гьарула.

Гьедин врачасухъе жание лъугьарайго, кидаго гIадин, «учузаб ва хехго кумек гьабулеб дару хъвай дие, хъвачIони дица гIарзал хъвазе руго

бищун тIадегIанал идарабазде щвезегIан», – илан ахIдечIого, гIодоеги йиччан, «херлъиялъе дару гьечIолъи лъаларейгIан гIадаллъунги гьечIо, дир вас, дун жеги, букIаниги кумекилан гIемер нужехъе хьвадиялдаса тIаса лъугьун теха», – йилан абула.

ХIалтIул къоги лъугIун рокъове вачIунаго, гьей херайги ракIалде щун, гьадин магIнаго гьечIого гIадин боржун унеб жо бугоха аб гIумруйилан пикруги гьабун, аскIоса гIебеде батараб тукадаса тортги тIугьдулги росун, тIубанго батIияб рахъалдехун сверула врач. Рукъалъул лъабабилеб этажалдеги вахун, нуцIида кIутIула.

– Дица пикру гьабуна, щиб гIоларогодай нилъ ругел, гIисинал лъимал гIадинилан. Гьале тортги босана, амма дир портфелги тIад лъун, цодагьаб чIчIинтIун бугоха аб. Гьал тIугьдулги речIарал гIадин руго гьанире щвезегIан...

– Гьа гьебали бигьаяб жойин. ГьабсагIат дица лъелълъги лъун рачIинарила рекIеде. Дир цIияб хабарха дуе бугеб... Мун божиларо... Жакъа радал рагьана берал... дунгоцин божичIо... Дир зазитIегь буго тIегьан. Гьале.

*Баху МухIидинова*



# Ханжаргlаги щибизедай?

1986 соналъул багIарараб август. Дун анлъабилеб классалда цIалулев чи, школалдаса хадув чвердезе лъарахъеги ун, къалъудаса хадув щвана рокъове. НуцIа-къоноги рахан киналго ун ратана рецаризе. Ралагьун кIулалагун (эбелалъ гьел лъолаан цо лъидаго рихьуларел гIадаб бакIалда), битIун жаниве лъугьинехъин вукIаго, нахъасан чодул тIукъбузул тIваркъи рагIана. Кавудал кIалтIа, чIегIерал чуязул чIолорхъжоги ккун, чIун руго гьоркьохъеб гIелалъул кIигоял.

– ИсмагIилил рукъищ? – илан цIехана цо берал рекерахъдулев къокъ-виццатав гIадинас.

– У...

– Мун гьесул вас ватилаха. Эмен ахIе.

Дица гьезие жаваб кьелалдего азбаралъуве лъугьун вачIана эмен. Саламги кьун, киса щалалиги цIехон, жанире рачана гьалбал. Чуязул тIалаб гьабеян дидаги абуна. Инсул букIана, батIаго азбаралъубе нуцIаги бугеб, гьалбадерил рукъ. Гьенир парахат гьаруна гьелги. Гьезул харбихъ



гIенеккун, дида бичIчIана гьел цере цоцазда лъалел чагIи рукIинчIолъи. Лъицаниги Салда ИсмагIилихъ рещтIаян абун батила, гьедин рачIарал гьелги. Гьединаб гIадат буго магIарухъ: рикIкIада сапаралъ рахъунел ругони гьалбадерихъ рещтIунел.

Инсуца хехго цо цIакъ бечедабго гьечIеб тепси гIуцIана гьалбадерие. Чед, хIан, бакъвараб гьан ва гьеб гуреб цойгидабги лъуна цебе. Цодагьабниги тепси бечелъизейилан батилаха, кахетиялъулабги бачIана къватIибе бахъун. Гьалбадерица кIалдиб жо лъуна, тIад цо-цо истакан кахетиялъулабги биччана ва лъалел-хъвалезул хIакъалъулъ харбиде рана, цоцазда лъаларел рукIарал чагIи данделъаралъуб кидаго букIунеб гIадин. АскIоб бугеб рокъоб къирараб нуцIихъан гьезул харбихъ гIенеккун дунги вукIана. Дие цIакъ бокьулаан гьедин гIенеккизе, гьелъухъ цо-цо щвезеги щолаан.

Цо гьоболас, кодоб чагъиралъул лълъарги ккун, гIемераб мехалъ бицана дир инсул цIакълъи-тIокIлъиялъул ва киса-кибего гьесул гьабулеб бугеб адаб-хIурматалъул. Гьаракьги букIана гьесул хьирараб, кIалъалевги вукIана рагIилеб-рагIиларедухъ, гьединлъидал гьес бицунелъул цо-цо жо гурони дихъе кквезе щолеб букIинчIо. КIиабилев хIалакъккарав, халатав гьобол вукIана цIакъ рази-ракияв, кIудияб гьаракьалъул, рагьарав чи. Цо рагIи инсуца абуниги, гьесул кIудияб релъиялъ цIолеб букIана кинабго сверухълъиго. Гьез бичIчIизабуна инсуда сордо бан гьанир рукIине рес гьечIолъи ва маркIачIул бер рукIкIиналде, мугIрул габурлъиги бахун, Белоканалде щвезе бокьун букIин.

Бихьулеб букIана, хъизанги рокъой гьечIого, цо бучIа-бухIараб жоги цебе лъун гьалбал хутIиялдаса эмен нечон вукIин. Живго вацIцIинелъун гьес гьалбадерие бицина гьадинаб хабар.

– Цо нухалъ цо магIаруласухъе рачIун руго гьалбал ва гIадаталда рекъон гьес гьел гъасда кваназе гIодор чIезарун руго. Цебе лъун буго кIиго панкъ ва лъим. Доб ракъараб заманаялъ тIокIаб гьезие кьезе жоги гьесул букIун гьечIо. Цинги вахъун гьес кванда бакьулъ лъун буго кIудияб ханжар. Гьалбадерица гIажаиблъи гьабун буго – ханжаралъ къотIизе хIан гуреб, гьан гуреб столалда ханжар щибизедай лъурабилан.

Кваназеги кванан, Аллагьасе щукруги гьабун, гьоболасе баркалаги кьун, нухда инейилан тIаде рахъунаго, цояс гьикъун буго:

– Гьобол, гьадал панкъазда аскIоб дуца ханжар щибизе лъурабали бичIчIичIо нижеда. Долъул магIна щиб букIараб?

– ВахI, – илан абун буго магIарулас, – гьедигIан гIантал чагIи нуж рукIин лъан букIарабани, гьадаб цIамги панкъгицин кьолароан дица нужее. Унгоха нужеда гьеб бичIчIичIеб?

– Валлагь бичIчIичIоха, – йилан абун буго нухлулаз.

– Гьеб буго гьединаб ахIвал-хIалалде ккаралго умумузулго букIараб гIадат. Дир рокъоб бугеб щиб букIаниги жоялда дун барахщани – нужеца дида кьабизе. Дица кьуралда нуж чIухIани – дица нужеда кьабизе. Нилъер столалъеги гьадаб ханжар гIолеб гьечIо жакъа, – йилан лъугIизабуна инсуца.

Гьаракь кIудияв гьобол гIемераб мехалъ велъулев вукIана, довцояв кьарияв – гIемераб мехалъ инсуе цо жо бицунев вукIана. Бакъ тIерхьиналде, чуяздеги рахун, гьел ЦIоралъул рахъалдехун ралагьун ана.

Эбел ецарудаса йиссараб мехалъ рукIкIунеб букIана, гьанже гьелъ жеги бихьиназе квенги гьабизе букIана…

***МухIамад БисавгIалиев***



# Балъголъиялъул кIуни

НекIогоялдаса нахъе Москваялда чIараб дагъистаниязул хъизаналъул бищун гьитIинай яс Камилал къиса байбихьана гIадамал жиндирго пикруялде цIазе бугеб гIажаибаб бажариялдасан. Гьелъ анцIила анлъго сон балеб букIана. Камила рокъое кватIун ячIине байбихьана, заманалдасан гьудулгун квартираялдецин гочана. Заманги букIана гъалмагъираб – гьел рукIана 90-абилел сонал. Камилал эмен хIалтIи гьечIого хутIана, вац-яцги щвараб-щваралдасан бетIербахъи гьабулел рукIана. Гьелде регIарав чи вукIинчIо...

Амма Камилае байбихьана лъикIаб замана – гъалмагъир цIакъ данде ккола хIилла-рекIкIалъе. Гьей машгьурал авантюристазул компаниялде гъорлъе ккана. Хамелеон гIадин, гьелда кIолаан бокьарав чиясул сипаталда цее чIезе: Эмиратаздаса бечедав инвесторлъун, филантроп ва галереялъул бетIергьанлъун, гьунар бугей дилерлъун яги хIалбихьиги бугей риэлторлъун. Гьелъул гьимиялъ ва кIалъаялъ бокьараб нуцIа ва кошелек рагьулеб букIана.

Гьел хъачагъал рукIинчIо; гьезул ярагъ букIана контрактал, гьересиял мугьруял, къадруяб фирма бугилан ккезабизе бажари. Гьезда «гIарцудасан махI чIварароан»: гIуцIцIулаан цо къоялъул компаниял, гурхIел-рахIмуялъул ва инвестициялъулал фондал, ричун росулаан гьечIел квартираби, машинаби, махсароде ккolaан гIадатиял пенсионерал ва хъантIарал инвесторал.

Камилал гIумру букIана багьаял гостиницабазул, вечеринкабазул ва «бизнесалъул» данделъабазул калейдоскоплъун. Гьелъул букIинчIо гIадатияб магIнаялда рукъ – гIицIго заманаялъ ругел чIухIарал рукъзабазул читIир. Гьелъ гIумру гьабулеб букIана «дидаса хадуб хъазица тIезе хер бижугеги» абураб пикруялда, моралиял принципазул тIадецуй гьечIого.

Амма цо къоялъ гьеб машина хIалтIичIо — Камилада лъана жий лъимер гьабизе йикIин. Гьеб гьелъул планалда букIинчIо. Лъимералъул квал-квал букIана эркенаб гIумрудул чвахxиялъе.

Гьелъ лъимер гьабуна гьитIинабго, лъиданиги лъалареб шагьаралъул больницаялда. ТIоцебе васасул гьитIинаб гьумер бихьараб мехалъ, рекIее цIияб, лъалареб, хинаб асар лъугьана... Амма цо кинабалиго жанисеб гьаракьалъ абуна: «Гьес кинабго хвезабила ва вукIина квал-кваллъун», – илан. Гьеб сордоялъ, киналго кьижараб мехалъ, больницаялъул гордухъан къватIие лъугьана Камила.

КватIичIого, кидаго гьалъул рахъалдехун сверулеб букIараб, талихIалъул гьоко чIана. Жиндирго бищун кIудияб хIилла-рекIкIалъул цояб – гIарац чуризе ургъараб гурхIел-рахIмуялъул фонд рагьулеб заманалъ, битIахъего банкет бакьулъ, жинца гуккарал анцI-анцI гIадамазда цее, ккуна Камила. Хадуб букIана халатаб, чIамучIаб суд. Гьелъие къотIана туснахъалъул анцIго сон.

Туснахъ лъугьана Камилае жужахIлъун. Дарай-гIатIласалъул, багьаял махIазул, гьарзаял банкетазул бечедаб дунялалдаса гьей ккана хъахIал къадал, цIулал хъарщал ва туснахъазул ретIел бугеб дунялалде. ТIоцересел сонал рукIана хIехьезе кIоларел. Камилаца хIаракат бахъулеб букIана жиндирго хIиллаяб махщел камераялъур ругезда ва хъаравулзабазда тIад хIалтIизабизе, амма

гьениб, жийго гIадиназда гьоркьоб, гьелъул хIилла-рекIкIалъул пайда ккечIо.

Ва цинги, хьул къотIиялъул гъоркьияб хIокIалда гьелда цебе бачIана жиндицаго рехон тарав дов васасул гьитIинаб гьумер. Гьелъул ракI данде къана, такъсир тIатинилан гуреб, жиндирго гIайибалъул асаралъ. Щибдай ккараб дир васасул? Кивдай вугев? Ва бищунго ракI унтизабулеб суал: кин дида гьев рехон тезе кIвараб?

Гьел пикраби лъугьана Камилал хиса-басиязулъ тIоцебесеб галилъун. Гьелъ байбихьана цIалдезе, жиндаго тIад хIалтIизе. Щай жий гьединай лъугьараяли бичIчIизелъун гьелъ цIалана юридикиял ва психологиял тIахьал. Щибаб сордоялъ макьилъ вихьулаан гьелда гьитIинав вас. Гьелъ жиндиего рагIи кьуна, гьениса къватIие яхъани, вас валагьилин ва тIаса лъугьаян гьарилилан.

Анкьго соналдасан лъикIаб хьвада-чIвадиялъухъ эркен гьаюраб мехалъ, Камилла йикIана тIубанго батIияй гIадан. Гьелъул букIинчIо гIарац, бухьенал, рукъ. Амма букIана цо мурад: вас валагьизе. Гьеб батана хIилла-рекIкIалдаса захIматаблъун. Гьелъ байбихьана лъимер гьабураб больницаялдаса, амма щибго хIасил кьечIо. Щвана лъималазул рукъзабахъе ва архивазде, бухьен гьабуна тIагIарал лъималазул фондазулгун. Къоял анкьазде, анкьал моцIазде, моцIал соназде сверана. Камилаца бокьараб хIалтIи гьабулеб букIана бетIербахъиялъе ва вас валагьизе бажаризе. Вас ватизе бугеб анищалъ къуват кьуна гьелъие.

Щуго соналъ гьоркьоса къотIичIеб цIех-рехалъул хIасилалда ва лъималазул рокъой хIалтIарай херай хIалтIухъаналъул кумекалдалъун, Камилахъе щвана къиматаб адрес. Баянлъана гьелъул вас гьитIинабго шагьаралда лъикIаб хъизамалда гIун вукIин. Гьев битIахъего лъимал гьарулеб рокъоса вачун вуго, ТIалхIат абун цIарги кьун буго. Гьесдаса хадуб гьеб хъизаналъе жеги кIиго лъимерги гьабун буго.

Гьанже ТIалхIат вукIана ворхатав, къуватав, живго жиндаго чIарав гIолохъанчичи. Гьев хьихьарал эбел-эмен кIудияб разилъиго гьечIого гIенеккун рукIана Камилахъ. Риидалил заман букIана, Санкт-Петербургалъул университеталъул студент ТIалхIат хIухьбахъиялда йикIана. Камилаца нус-нус нухалъ репетиция гьабун букIана жиндирго кIалъаялъул, амма гьес нуцIа рагьараб мехалъ, киналго рагIаби ботIролъа роржун ана. – Дун… дун йиго дур эбел, ТIалхIат, – ян щурана гьелъ.

ТIалхIатица, жание лъугьаян, ишан гьабуна. Гьезул санагIатаб азбар риидалил тIугьдуз цIун букIана. ХIухьбахъи гьабулеб бакIалда кIудияб стол, гьелда тIад чIухIадго чIун басрияб самовар, азбаралъул бокIнилъ борхь гIадин гурун шланг, цIулакьодул гъотIокь бараб гьерчеро…

Гьел рокъоре жанире ана; эбел-инсуцаги жалго тана. Сверухъ ялагьун, Камилаца пикру гьабуна: «Гьаб рокъоб гIезе вуго мустахIикъав, живго жиндаго чIарав бихьинчи…» ГIадатлъиги, хинлъиги, рахIатги букIана киса-кибего – тIахьазул полкаби, сураталъ, хьонбакIалде тIаде рехараб юргъан, гъанситоялда цебе лъураб гъецI…

ТIалхIат, цIорораб адабалда, рагIи гьоркьоб къотIизабичIого, кIвар кьун гIенеккун вукIана. Камилаца бицунеб букIана жиндирго гIайибалъул, ракIбухIиялъул, гIазабгIакъубаялъул, бетIер сверарал соназул, туснахъалъул, гьениб лъугьараб хиса-басиялъул. Гьелъул хабар лъугIараб мехалъ, рокъоб кIудияб сихIкъотIи лъугьана. ТIалхIат кIвар кьун валагьун вукIана гьелъухъ. «БичIчIана», – ян абуна гьес ахирги. «Дун рекIекълъун вуго мун гьеб нухдасан ине ккеялдаса. Амма… дир руго эбел-эмен. Гьезие дун вокьуна, гьез дун гIезавуна. Гьеб буго дир хъизан.

Дуца... дуца дун рехон тана. Дуца доб мехалъ гьеб нух тӀасабищана. Дица гьанже дирго хъизан тӀасабищила», – ян.

Гьесул гьаракь букӀана гӀодобе биччараб, амма кьварараб. «Дида кӀоларо дуе дуца балагьулеб жо кьезе. Араб нахъ буссунаро. Нилъер гьечӀо кинаб букӀаниги гӀаммаб тарих ва дие бокьун гьечӀо гьанже гьеб байбихьизе».

Гьеб букӀана гьелъул гӀумруялда жаниб бищун унтараб кьаби. ГьедигӀан заманаялъ валагьулев вукӀарав васас гьелдаса инкар гьабуна. Камилада бичӀчӀана жий гьесул эбеллъун йикӀине букӀараб ихтиялдаса махӀрумлъарайлъи. Ахирисеб хьул лъугӀана... БетӀерги къулун къватӀие ана гьей, васасул хӀукмуялъухъ сабуралда гӀенеккун чӀарал ТӀалхӀатил эбел-инсуда цеесан.

Ана сонал. Камилаца жиндирго цӀияб, ритӀухъаб гӀумру гьабулеб букӀана. Гьей хъизангун рекъана, гӀадамазе кумек гьабулеб централда хӀалтӀи балагьана, гӀумрудул нухда мекъи ккарал руччабазе цӀияб гӀумру байбихьизе кумек гьабиялъе кинабго жиндир бажари ва лъай хӀалтӀизабуна. Гьелъул цебесеб гӀумру нахъа хутӀана, лъиданиги лъалареб, кверсшаб макьу гӀадин.

Цо къоялъ социалияб централъ гӀуцӀараб гурхӀел-рахӀмуялъул тадбиралда гьелда дандчӀвана ИсмагӀил – чӀужуги хварав кӀиго лъимерги бугев лъикӀав ва божизе бегьулев чи. Гьесда Камила йихьана цӀодорай, берцинай чӀужугӀаданлъун ва рекӀее гӀуна. Гьелъул цебесеб гӀумру бигьаяб букӀинчӀолъи бичӀчӀун, гьес гьей гӀедегӀизаричӀо. Гьезул гьоркьоблъи дагь-дагьккун щулалъана ва Камилада гӀумруялда жаниб тӀоцебесеб нухалъ унго-унголъунги жий къваригӀарав ва йокьулев чи ватана. Гьелъ ИсмагӀилие бицана кинабго – гьарурал такъсиразул, туснахъалъул ва жиндирго васасул хӀакъалъулъ. Гьелъ ракӀ рагьанагӀан дагьавги гӀагарлъана гьев Камиладе. «Мун дир балъголъиялъул кӀуни йиго», – йилан гьимана ИсмагӀил.

Гьезул лъугьана унго-унгояб хъизан. ИсмагӀилил лъималаз – 13 сон барай Светаца ва 15 сон барав Тажудиница гьей цӀодорго дандчӀвана, амма Камилаца гьезул эбел хисизе къасд гьабичӀо. Гьей лъугьана гьезул гьудуллъун. Гьелъ лъималазда малъана квен гьабизе, велосипедалда рекӀине, телефоналъ лъикӀал суратал рахъизе, рокъобе хӀалтӀи гьабизе. Гьел рохидал – йохулаан, гьел рагъидал – рекъезарулаан, гьез анищазул бициндал – рахъ кколаан. Гьелъ ИсмагӀилил лъималазда жаниб лъуна жиндирго пайда босичӀеб эбелалъулаб рокьи. Туснахъалда арал соназ, стрессалъ ва ригьалъ Камила ятӀалъана жиндирго лъимал гьаризе ресалдаса. Амма ИсмагӀилил лъимал гьелъие жиндирго гӀадин лъугьана.

Камилал 45 сон тӀубаялъул байрамалде данделъана гьелъул бищунго гӀагарал – росги лъималги, эбел-эменги, вац-яцги, хӀатта ТӀалхӀатги гьесул эбел-эменгицин. Велъа-вохун вукӀаниги, гьесул рекӀел тӀиналда цӀер биун гьечӀеблъи бихьулеб букӀана... «Гьев тӀаса лъугьун гьечӀо... Амма гӀумру унеб буго, рукӀина гьесулги лъимал, тӀаса лъугьинев ватила...»

Камиллада батана жиндирго хъизан, жиндирго нух. Гьелда батана парахалъи ва талихӀ. Амма ТӀалхӀатида релълъарав гӀолохъанчи вихьараб щинахъе, гьелъул ракӀ данде къалаан. Киналго гъалатӀал гуро ритӀизарун бажарулел. Цо-цоял абадиялъго нилъеда цадахъ хутӀула, ругънадаса лъугьараб согӀ гӀадин...

*Сулгият Булгаева*

# Наира ГIалиева



# Рагьила дица нужее лъималазул дунял...

***Наира ГІалидес абураб тІокІцІаралда гъоркь хъвадарулей педагогикиял гІелмабазул доктор, профессор, Россиялъул гІаммаб лъайкьеялъул хІурматияй хІалтІухъан, цІаррагІарай дагъистаналъул хъвадарухъан Наира ГІалиевалъул лъимерлъи талихІаб букІана. Дунял доб мехалъ гьелда лъугІи гьечІеблъун бихьулеб букІана, гьеб сверун ккун букІана мугІруз, берцинаб тІабигІаталъ ва лъимадул пикрабалъ рижарал гІажаибал сипатаз.***

### *Нижмашгьурал рукІана лъаялъул рахъалъ...*

«Щибаб къо дида гІагараз сверун ккураб байрам бугилан кколеб букІана. Эбел-эменги дие гІумруялъул ва къисматалъул нух бихьизабулел компасаллъун рукІана», – ян бицана гьелъ.

Наирал эбел – химик ва биолог Сафинат Мирзежановна йикІана МахІарамкент районалда тІадегІанаб лъай щваразул тІоцебесейлъун. Эмен Надирбег Якъубханович, тарихиял гІелмабазул доктор, профессор, кафедраялъул нухмалъулев, цадахъ хІалтІулез рикІкІунаан энциклопедиялъулаб лъай бугев гІалимчилъун.

«Нижер хъизан чанго гІелалъ машгьурлъана лъаялъул рахъалъ», – ян бицана Наира Надирбеговналъ. – Дир эбел-эмен, щуго вац-яц – киналго рукІана цІалиялде рокьи бугеллъун, тІахьал рукІана нижер культлъун. Нижеца гьел хазиналъун рикІкІунаан, ралагьулаан ва рохулаан полкабазда къанагІатал изданиял ратараб мехалъ. Шагьаралъул киналго библиотекабазде хъван йикІана дун. Цебе гІадат букІинчІо гІадада заман хвезабулеб. Школалъул гІумруги цІун букІана кружоказул хІалтІабаздалъун. Дружинаялъул советалъул председатель хІисабалдаги дун гъираялда гІахьаллъулаан Халкъазда гьоркьосеб гьудуллъиялъул клубалъул хІалтІулъ, хъвалаан кучІдул, хІалаан баскетбол.

Гьоркьохъеб школа меседил медальгун ва Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультет багІараб дипломгун лъугІизабун хадуб, Москваялда аспирантураялда цІалун цІунана миллиял школазда гІурус мацІ малъиялъул методикаялъул хІакъалъулъ диссертация. Гьединго гьелъ докторлъиялъул диссертация цІунана А. Герценил цІаралда бугеб Санкт-Петербургалъул педагогикияб университеталда.

### *ЧІагояб рагІул балъголъи*

Шималияб Кавказалъул халкъазул гьудуллъиялъул институталъул гуманитариял гІелмабазул бутІаялъул нухмалъулей, Наира ГІалидес лъала, гІолохъаназ гуребги, чІахІиязги жиндир творчествоялъул тІалаб гьабулей, лъималазул хъвадарухъан хІисабалда.

Творчествоялъе кьураб кІикъоялда щуго соналдаса цІикІкІун заманаялъ гьелъие рес кьола абизе: «Дие маргьа ккола лъимергун ракІ-ракІалъ гьабулеб гара-чІвари. Дун гІемер дандчІвала школазда лъималгун ва



лъала кин гьел рагьулелали, кин гьел гъваридал пикрабаздалъун гъорлъе лъугьунелали. Виртуалияб дунялалда ругел лъималазе гIоларого букIуна гIадамазулгун гIадатияб гара-чIвари ва чIагояб рагIул балъголъи. Лъималазе хъвадари – кIудияб жавабчилъи ккола, гьезие гьебсагIатго загьирлъула гьереси. Дидаго ва гьезда цее дун йикIине ккола ракIбацIцIадайлъун».

Наира ГIалидес ккола Дагъистаналъул лъималазул гуребги Азербайджаналъул ва Китаялъул цIалдолезул рекIелъе нух батарал къанагIатал профессионалиял лъималазул авторазул цояй. Гьелъул адабияталде нух букIана педагогикаялъул халатбахъинлъун. «ГIалимчи ва лъималазул хъвадарухъан йикIиналъул магIна кколаро гIицIго лъималазе текстал хъвай», – ян абулеб буго Наира Надирбеговналъ. «Гьеб ккола учитель, эбел, кIодоэбел хIисабалда литература бичIчIи. Дида лъала кинал рагIабаз лъимер хIинкъизабизе бегьулебали ва киналъ рахIат хвезабизе бегьулебали, кинал харбаз гьел пикру гьабизе тIамулел, киназ релъанхъизе ругелали». Наира Надирбеговна хIалтIулей йиго «Дир эбелалъ абуна» абураб этнопедагогикаялъул цIияб проекталда тIад. Дагъистаналъул гIадатазул гIакълу эбелалъулги ясалъулги балъгояб гара-чIвариялде сверизабулеб гьеб асар басмаялда бахъизе хIадурулеб буго «Эпоха» басмаханаялда.

### *Образазул ва пикрабазул дунял...*

Хъвадарухъаналъ ракIалде щвезабуна жиндир литератураялде нух байбихьанин гьитIинав васасе кьижизегIан рицунел рукIарал жиндирго харбаздасан. «Къисматалъ квер ккун ячана дун гьеб нухдасан», – ян абуна гьелъ. КъватIибе биччана чанго мажмугI: «Эбелалъул маргьаби», «ГьитIинал куркьбал», «КIиго вац» ва «ГIаркьел». Гьел къватIире ричана батIи-батIиял басмаханабаз: «Проф-Пресс», Азербайжаналъул «Шарб-Гарб», Китаялъул «Ханчжоу», Дагъистаналъул «Эпоха» ва «Дагъистан».

Китаялъул цIалдолезе бищунго рекIее гIуна Дагъистаналъул мар-

гьаялдаги тIолго гIаламалъе къиматал пикраби рорхулел рукIин. Диеги гьеб букIана кIудияб рохеллъун», – ян кIвар буссинабула Наира Надирбеговналъ.

Гьелъие хIалтIи къабул гьабиялъул хIасилалда щвана гIемерал шапакъатал: «Алые паруса» абураб ТIолгороссиялъул литературияб конкурсалда бергьенлъи, «Тарки-Тау 2024» абураб Шималияб Кавказалъул халкъазда гьоркьосеб тIехьалъул фестивалалъул Гран-при, С. Маршакил цIаралда бугеб ТIолгороссиялъул премиялъул финалалде йорчIи, 2025 соналъ Дагъистан республикаялъул литератураялъул пачалихъияб премиялъул лауреат абураб цIар.

Гьелъул творческияб портфолиоялда жанир руго гьанжесел гIолилазул гIумруялъул хIакъалъулъ, халкъияб кIалзул гьунаралъул ва фантазиялъул элементал гъорлъ ругел, маргьаби ва харбал. Хасго гьей чIухIарай йиго «ХIама-гага» ясли-ахалъул гIумруялдаса» абураб жиндирго проекталдаса, гьенир лъималазул гIакъилал пикраби руго данде гьарун. «Чуковскиясулго гIадин, дирги ракIчIараб буго лъимал гIакъилал мацIалъул гIалимзаби ва философал рукIиналда», – ян абуна Наира ГIалидесица.

Наира ГIалидесил творчество цохIо маргьабаздалъун гIорхъи чIвараб гьечIо. Гьей ккола «Дир шагьар» абураб лирикиял очерказул ва харбазул сериялъул автор, гьезда жаниб гьелъ пикру гьабулеб буго гIумруялъул, ракIалдещвеязул, инсанасдаги гьев гьавураб бакIалдаги гьоркьоб бугеб бухьеналъул.

### *РакIбацIцIадаб, рекIее асар гьабулеб рагIи*

Хъвадарухъаналъ рохалил асаргун бицунеб буго гьал къоязда Дагъистаналъул ясикIабазул театралда жиндирго «Эбелалъул маргьаби» абураб хабаралдасан спектакль бихьизабиялъул хIакъалъулъ. «Килищ тункизе бакI гьечIого цIураб театралъул зал дие бищунго кIудияб шапакъатлъун буго», – ян мукIурлъула гьей.

Гьелъул творчествоялда кIвар бугел жамгIиял лъугьа-бахъиназги ккола бакI. «КIудияб ВатIаналъул васал» абураб маргьабазул серия ккола хъвадарухъан хIисабалда гьелъул персоналияб позиция. РекIее асар гьабулел «Баба», «БатIи-батIиял цIваби», «Бецасул ракIалда канлъи бихьула» гIадал харбазде кIвар кьуна ва гьел федералияб даражаялде рахъинаруна «Единая Россия» абураб жамгIияб платформаялъ. Гьел басмабаз гьей ячана «СВОялъул ветераназул союзалде». «Гьеб захIматаб хIалтIулъги дун йиго, тIоцебесеб иргаялда, маргьаби рицунейлъун», – ян абулеб букIана Наира Алидесица. «Дида бичIчIула бахIарчилъиялъул ва ватIаналде бугеб рокьул бищунго кIвар бугел дарсал, лозунгаздалъун гурел, ракIбацIцIадал ва рекIее асар гьабулел рагIабаздалъун кьолеллъи».

### *РакIалдаги рухIалдаги гьоркьоб*

«Дица гьабулеб щинаб жо – лъималазе маргьа букIа, гIолохъабазе бахIарчиясул хIакъалъулъ хабар букIа, чIахIиязе эссе букIа – гьеб ккола гIелазда гьоркьоб, цо чиясул ракIалдаги цогидасул рухIалдаги гьоркьоб кьо базе гьабулеб хIаракат. Гьелъ лъиениги кумек гьабулеб батани лъикIав, бахIарчиявлъун вахъине яги гIицIго кIвар бугеб жоялда тIад ургъизе, дун битIараб нухда йиго».

Ахиралдаги дица гьелда гьикъана кин дуца тIокIцIар ургъарабилан. Гьей гьимана: «Дир тIокIцIаралда жаниб цолъана кIиго фамилия, дир росасул ва дирго – ГIалиева ва Дестебекова. Ва дида лъаларо, дир хъизан, дир талихIаб лъимерлъи букIинчIебани, творчествоялде дир гъира бижизе букIарабищали. Гьединлъидал батила дица дунго талихIай чIужулъун рикIкIуней».

*ГIайшат Ҭажудинова*



Зульфия
Ильясова

# АхIун лъугIулареб кечI

***Дагъистаналъул халкъияй артистка Зульфия Ильясовалъул творческияб нух ккола цоцазда дандего кколарел гIадал ролазул чIагояб мозаика: халкъияй артистлъун яхъарай тохтур; юристалъул лъай щварай кочIохъан; окопазда жаниб сордо барай эстрадаялъул цIва; жибго гIумру бищунго кIвар бугеб школалъун бихъулев директор. РакIбацIцIалъигун, жиндирго халкъалде бугеб рокьигун цадахъ, свак гьечIеб хIалтIи – гьеб ккола Зульфиял машгьурлъиялъул ва цебетIеялъул балъголъи.***

ГIадамазе хъулухъ гьабиялъул нух Зульфияца байбихьана, сценаялдасан гуреб, медицинаялдасан. 14 сон бараб мехалъ медицинаялъул училищеялде цIализе лъугьинилан хIукму букIана гьелъул тIоцебесеб, кIудияй чIужу хIисабалда гьабураб, хIукму. «Гиппократил гьа лъугьана дир гIумруялъул компаслъун. Гьениб дарабазул ва цIалул махIалда гьоркьоб бичIчIана дида: гIадамазе хъулухъ гьаби, махщел гуреб, рекIел хIал букIин», – илан бицана Зульфия Караниевналъ.

Амма училищеялъул къадазда жанибги гьелъул артисталъулаб ракIалъ нух балагьана: гьей йикIана студентазул цецерахъиназул художествияб рахъалъ нухмалъулейлъун, дискотекаби ва концертал гIуцIулейлъун. Цадахъго гьелъ кечI ахIулеб букIана «Горцы» ансамблалдаги. «Доб мехалда рукIинчIо гьал фонограммаби – гIицIго чIагоял гьаркьал ва зрителазул гьединалго чIагоял, кенчIолел берал. Нижеца ахIулаан батIи-батIиял мацIаздаги кучIдул. Дару-дарманалъго гIадаб асар гьабулеб батана гIадамазе кечI-бакъаналъги», – ан абуна гьелъ.

Къисматалъ хIукму гьабуна гьей жиндирго гIагараб ГIахъуш районалъул Геба росулъе тIадюссинайизе – 17 сон барай Зульфия тIамуна росдал клубалъул директорлъун: «Пикру гьабеха: дун, гIолохъанай яс, циндаго директорлъун яхъана. Нижеца хIадурулаан республикаялдаго рагIарал концертал. ХIалтIулаан лъималгун. Лъималаз куцана дилъ ракIбацIцIалъи. ГIадада гуро абулеб, бищунго кьварарал диванчагIи лъимал ругилан».

Зульфиял гьунар росулъ хутIизе рес букIинчIо, цIакъго загьираб букIана. «Махщалихъ гIенеккизейилан «Дагъистан» ансамблалде ахIараб къо дида жакъа гIадин ракIалда буго. ЗанкIун цIураб зал, кьварун ралагьарал комиссиялъул членал... Дица кечI ахIулеб букIана, гьеб дир гIумруялъул ахирисеб кечI бугеб гIадин. Комиссиялъул цояс: «Гьале дой», – илан ахIана. Гьеб мехалда дида бичIчIана гьаб дир цIияб нухлул байбихьи букIин».

Гьелъ нахъа тана «Дагъистан» ансамбляладаса бахъараб Дагъистаналъул Пачалихъияб филармониялъул солисткалъун яхъинегIан нух. «Дол сонал рукIана гIумруялъул

унго-унгояб школалъун. Заводазда, хIанчIазул фермабазда, бищунго рикIкIадал росабалъ ахIулаан нижеца кучIдул. Харжги кьолаан жидехъ бугеб щинаб жоялдалъун – цIибил, нах, хIан, цо-цо мехалъ гIарацги. Амма дун киданиги щаклъичIо дицаго тIаса бищараб нухалда – искусство бокьа-бокьарал чагIазухъе бачIунаро».

Кьварун жиндирго пикру ккун чIезе лъаялъ кумек гьабуна гьелъие ООО «МахIачхъала – концерт» (2001) гIуцIцIизеги. «Дир анищ букIана, гIицIго коллектив гуреб, творческияб хъизан гIуцIцIизе. Доб мехалъ цадахъ байбихьаразул гIемерисел жакъа цIвабилъун руго. Жиндирго кIудиял гIурал лъималазухъ эбел гIадин, чIухIигун ялагьула дун гьезухъ», – ян абуна кочIохъаналъ.

Циндаго жиндир машгьурлъиялъул борхалъиялдан ракIалдаго гьечIеб гали тIамуна Зульфия Ильясовалъ. Москваялдеги ун «Дагъистаналъул мустахIикъай артистка» ГИТИСалъул эстрадаялъул отделениялде цIализе лъугьана. «Норкаялъул пальтоги ретIарай, бриллианталги рарай – Дагъистаналъул цIва – дун щвана ГИТИСалде! Амма гьенир ратана гIадатиял гIадамал. Ва гьебсагIатго дицаги босана гIадатаб ретIел», – ян елъулаго бицана гьелъ.





Гьеб хIукму гьабуна Зульфияца кьучIаб лъаялъул, гIакълуялъул ва профессионалияб цебетIеялъул жанисеб хIажалъиялъ. «ГИТИСалъ... хисизабуна дир тIолабго гIумру. Гьелъ дун югIана, юцана, якIарана, лъугьинаюна ...: лъай кьуна, гIакълу кьуна, йикIа-яхъине малъана». Гьелъ къадруяб вуз цо гурони «4» гьечIого лъугIизабуна.

Амма Зульфиял лъаялда хадуб сапар гьелдалъун лъугIичIо: 2006 соналъ ДГУялъул юридикияб институт лъугIизабуна, 2016 соналда тIокIлъигун РАНХиГС Пачалихъияб нухмалъиялъул институталъул магистратура лъугIизабуна. Гьелъул хадусеб галилъун лъугьана аспирантура, жакъа Зульфия Ильясова хIадурлъулей йиго кандидатасул диссертация цIунизе.

2011 сонaлдaсa нaхъе Зульфия Кaрaниевнa хIaлтIилей йиго МaхIaчхъaлaялдa Аллa Джaлиловaлъул цIaрaлдa бугеб 8-леб искусствоялъул школaлъул директорлъун. Гьелъул нухмaлъиялъул къaгIидa гIaдaтияб вa гIaкъилaб буго: «ЛъикIaв нухмaлъулевлъун вукIинaлъул мaгIнa ккола, тIоцебесеб иргaялдa, лъикIaб хaсият вa бaжaри букIин». Гьелдa кIвaнa школaлдa лъимaл рохелгун цIaлулеб, мугIaлимзaби рaкIбaцIцIaдго хIaлтIулеб aхIвaл-хIaл гIуцIцIизе.

Зульфия Ильясовaлъул жигaрчилъиялъ гьей ячaнa гIaтIидaб жaмгIияб хIaлтIудa гъорлъеги. Гьей ккола «Россиялъул улбул» aбурaб ТIолгороссиялъул бaгъa-бaчaриялъул Дaгъистaнaлдa бугеб регионaлияб бутIaялъул президиумaлъул член, Культурaялъул министерствоялдa цебе гIуцIaрaб ЖaмгIияб советaлъул член, МaхIaчхъaлa шaгIaрaлъул ЖaмгIияб пaлaтaялъул член, Пaчaлихъияб Думaялъул депутaтaсул кумекчIужу Дунялaлъул хaлкъaзул цолъиялъул конгрессaлъул член, Рaкълил вaкил, Дaгъистaнaлъул руччaбaзул союзaлъул член. Гьелъ волонтер хIисaбaлдaги гьaбулa хIaлтIи, «Бергьенлъиялъул волонтерaл» aбурaб бaгъa-бaчaриялъул нухмaлъулесул зaместительги ккола.

Зульфиял жигaр бихьичIого хутIичIо: 2000 сонaлдa гьелъие щвaнa ВaтIaн цIунулaго бихьизaбурaб рaкIбaцIцIaлъиялъухъ вa бaхIaрчилъиялъухъ Россиялъул президент Влaдимир Путинил Бaркaлaялъул кaгъaт, Россиялъул жaнисел ишaзул министрaсул ХIурмaтaлъул грaмотa…

Зульфиял гIумруялъул бищунго бaхIaрчиял гьурмaзул цояблъун ккола Хaсaб рaгъулaб оперaциялъул зонaлде гьоркьоса къотIичIого рухьунел сaпaрaл. «Дун йиго тIоцебе СВОялъул зонaялде щвaрaй Россиялъул aртисткa. 2022 сонaлъул 6 aпрелaлъ 20 тоннa бaччулеб КАМАЗгун щвaнa дун гьение… Лъaлaро чIaго тIaдруссине ругищ гьечIищaли… Роржунел дронaл… ПещтIелел гуллaби… Рихххaрaл кьоял… Землянкaбaздa, окопaздa сaрдaл… ЦIорой, квaч…» Аммa гьей ячIин рaгъухъaбaзе бaйрaм, рaкълилaб гIумруялъул хIухьел, рукъ, ВaтIaн рaкIaлде щвезaби букIaнa. Зульфияцa, кечI гуребги, рaгъухъaбaзе бищунго хIaжaтaл генерaторaздaсa вa дронaздaсa бaйбихьун, квaнил нигIмaтaзде щвезегIaн, кинaбго бaчIунaaн цaдaхъ.

Гьеб кинaлъего, Зульфияде бугеб божилъиялъ, гIaдaтиял гIaдaмaз, бизнесменaз, хIукумaтaлъул хIaлтIухъaбaз гьaбулa кумек. «ГIaдaмaз дидa гIемер гьикъулa: кин дур зaмaнгIaги гIолебилaн. Дицa жaвaб кьолa: рaкI-рaкIaлъ гьaбулеб хIaлтIуе зaмaн кидaго бaтулилaн. ВaтIaнaлде, хaлкъaлде, нилъерго рaгъухъaбaзде бугеб рокьуцa бокьaрaб гьaбизе кьолa къувaт.

Дир мaхщел цебетIунa кьер-кьерaл сценaялъул костюмaздaсa бaйбихьун кaмуфляжaлде щвезегIaн, эстрaдaялъул хитaздaсa бaйбихьун рaгъухъaбaзе рухI кьолел кучIдузде щвезегIaн. Аммa aслияб жо хисичIо – хъулухъ гьaби. Дидa гьaнже гьеб дaгьaбги гъвaридго вa хIaлуцун бичIчIизе лъугьaнa».

***Зульфия Ильясовaлъул мисaлaлъ цойги нухaлъ бихьизaбунa чIужугIaдaнaлдa бокьaрaб гьaбизе кIолеблъи. Гьей йикIине бегьулa къувaтaйлъунги хIеренaйлъунги, цIвaлъунги рaгъухъaнлъунги, учительлъунги aбaдияй цIaлдохъaнлъунги. Гьелъул гIумру буго aхIун лъугIулaреб бищунго берцинaб кечI.***

***Сaният Эмировa***



Валида ва Зиябутин
ХIажимирзаевал

# «Эвересталде хутӀизегӀан, бокьаралъуве»

***МугӀрузул гӀазул цӀурал тӀогьаздаса, мун гъоркье вачӀинегӀан духъ ралагьун чӀарал, гӀадамал лъикӀал руго. Гьел ургъалилъ рукӀуна ва бигьалъула мун, бокьараб мехалъ гӀанси тӀун бачӀине бегьулел, къурабаздаса ва кӀкӀалаздаса рикӀкӀалъидал.***
***Валида ХӀажимирзаева некӀого ругьунлъун йиго жиндирго рос альпинист Зиябутин ХӀажимирзаевасул бокьулеб ишалде. Гьес кверде росана гӀемерал тӀогьал, гьезда гьоркьор Килиманджаро, Аконкагуа, Ленинил ТӀогь, Охос-дель-Саладо ва цогидалги. Жийго Валидае бокьула хӀинкъи бугеб спорталдаса рикӀкӀад чӀезе.***
***Амма гьелъулги росасулги гӀемерал руго гӀаммал интересал. Масала, Бутусовасул концерталда гьез цадахъ ахӀана кечӀ. Жидеего бокьулеб «Формула-1» машинаби риччаялъухъ цадахъ ралагьула. Ва, гьелдасаги кӀвар бугеб жо, гьез цадахъ лъабго лъимер гӀезабуна ва цадахъ гогьдаризаюла жидерго васасул яс. Гьелдаго цадахъ Валидал буго кӀиго тӀадегӀанаб лъай ва хӀалтӀулей йиго Федералияб казначействоялда. Кин бугониги, гӀенекке жийго Валида ХӀажимирзаевалъухъ, гьелъ дагьабги берцинго бицина нилъее кинабго.***

### *Школалда цӀалулеб заман*

«Лъимерлъуда дун гӀемерисеб мехалъ кӀудадагун ва кӀодоэбелгун йикӀана. Эбел-эмен хӀалтӀизе батӀияб бакӀалде ун рукӀана. ДахӀабабал гӀадлу кидаго къуватаб букӀана, гьей цӀакъго кьварарай йикӀун гуро, эбел аскӀой гьечӀелъул, гьелда тӀад жавабчилъи букӀун. Дицаги гьелъул ракӀхвезе жал гьарулароан. Радал карщги кунаан, рокъобе хӀалтӀиги гьабулаан, дарсаздасаги тӀурулароан. Гьелъул хӀасилалда: школа лъугӀана цоункъилабгун.

Гургинай отличницалъул яхъине бокьун букӀанищ дие, меседил медальги щвезе? Доб мехалъ кьолел рукӀинчӀо гьел шапакъатал. Щаяли дида лъаларо. 1985 соналъ тӀубараб МахӀачхъалаялъе бихьизабун букӀана цо меседил медаль. Зиябутиницаги лъугӀизабуна росдал школа киналго щуйилабазда ва щибниги щвечӀо.

Щиб гьабуниги медаль щолареблъи бичӀчӀарабго, дица хӀукму гьабуна гургинай отличницалъун йикӀине хӀаракатго бахъичӀого тезе. Гьединлъидалин геометриялъе ункъилаб щунилан дун рекӀекълъичӀей. РакӀалде ккана учителалъе гьедин гьабейилан буюрухъ букӀун батизеги бегьулилан.

### *Унго-унгояв ишпион гӀадин*

Зиябутинилгун дир лъай-хъвай ккана 1992 соналъ. Унго-унгояв ишпион гӀадин, гьев дир рукъалда аскӀоб бугеб остановкаялда дие чанкъан чӀун ватана. Унго-унгояв ишпионасухъ гӀадин, гьесухъ дир суратги букӀун буго. Москваялда цӀалиги лъугӀун вуссиндал хъизан



гьабизе заман щун букIин бичIчIун буго гьесда. Эбелалъ рикIкIарал чанго ясазул сияхIалда гьоркьоса гьес тIаса йищун йиго дун. Амма «тIоцебесеб планалда» рекъон диргун лъай-хъвай гьабизе бажарун гьечIо, хIалтIиги лъугIун къватIире рачIунел гIемерал гIадамазда гьоркьой гьесда дун лъан гьечIо.

Цоги нухалъ гьедин ккечIого букIине, гьес лъазабун буго дир адрес, кинаб подъезд, кинаб этаж, кинаб квартира, гьединго лъазабун буго кинаб автобусалда дун рокъое ячIунеяли. Дун остановкаялда гъоркье лъугьингун дида хадув вилълъун вуго дир квартираялъул кIалтIе щвезегIан, унгоги гьей дун йикIин ракIчIезе. НуцIа ричIулаго, дида хадув цо чи вукIин бичIчIидал... дун хIинкъичIо. Гьеб заманаялъ дир эбел йикIана тукадул директор ва зама-заманалдасан кванил нигIматалгун чи вачIунаан рокъове витIун. Гьасухъги пакетги буго, цо щибалиго газетаялъ бахчараб жоги буго...

Зиябутиница жив щивали ва щиб мурадгун вачIарав чияли бициндал, дица гIадатго: «Жаниве лъугьа, хIурматияв», – илан абуна. ГьабсагIат эбелги юссина хIалтIудасайилан абидал, гьев вукIкIуркIкIахъдана ва гIемераб заман бачIого ана.

Бащдаб лъагIалидасан ниж данделъана. РакIалдаго гьечIого нижер гIемерал релълъарал рахъал ратана. Гьеб бертадаса хадуб гурони лъачIо. КIалъа-бацан рукIунел рукIаниги, нижеца цоцазда бицун батичIо кIиязего Бутусовасулги Розенбаумилги творчество бокьулеблъи (хадуб цадахъ ана гьезул концертазде), «Формула-1» гьоркьоб биччалареблъи (амма дие бищун вокьулев гонщик Шумахер вуго, Зиябутиние – Сенна, гьедин дагьабги кеп букIуна), нижее кIиязего цогидал спорталъул тайпабиги рокьула...

Гьале, гIемерал санал индал нижер руго лъабго лъимал ва цо васасул яс. КIудияв вас Абусупияница Москваялда Губкинил цIаралда бугеб нартил ва газалъул университет лъугIизабуна ва жиндирго специальносталда рекъон «Лукойл» компаниялда хIалтIилев вуго. Цо моцI гьес бала хIалтIуда доба кибалиго Полярияб сверуда нахъа, цо моцI рокъоб МахIачхъалаялда хъизангун ва ясгун. Гьел гIемерал рачIуна нижехъеги ва

хъизаналъул хан – гьитIинай Марьямица ниж киналго «кьерда чIезарун» рукIуна.

КIиабилев вас Жамалудин, Москваялда МАДИги лъугIизабун, Дагавтодоралда аслияв инженерлъун хIалтIилев вуго. Яс Атикатилан абуни гьабсагIат цIалулей йиго Москваялда Россиялъул Федерациялъул ХIукуматалда гъоркь гIуцIцIараб Финансовияб университеталда. Гьеле гьединаб хъизан буго нижер. Амма лъидаха ракIалде ккун букIараб хъизаналъул кIудияв кIикъогоялдаса тIаде индал альпинизмалде машгъуллъилилан ва гьадигIан тIадчIчIун дунялалда ругел щинал бищунго рорхатал тIогьазде вахинилан.

### *ТIогьазде вахиналъул хъварал бутIаби дица цIализе гьечIо*

Алпинизмалде машгъуллъараб мехалъ Зиябутиница 45 сон балеб букIана. Кинабго байбихьана гIадатияб: гьудулас ахIана Лак районалда бугеб 3997 метр борхалъиялъул Пабаку тIогьалде вахине. Лъида лъалеб букIараб хадуб щиб букIинебали. Лъарабго дие кIудияб рохел букIинчIо (Зиябутин лъугьана цIаррагIараб альпинистазул «7 борхалъи» клубалде ва 10 соналда жаниб гьесие мукIурлъана Югалъулаб Америкаялъул – Аконкагуа (6962 м), Африкаялъул – Килиманджаро (5895 м), вахана Франциялда Монбланалде (4810 м), вахана Гъиргъизиялда Ленинил ТIогьалде (7134 м), Чилиялда бугеб бищунго борхатаб вулкан Охос-дель-Саладоялде (6893 м) Севернияб Америкаялъул Мексикаялда бугеб бищунго борхатаб вулкан Орисабуялде (5636 м), чанцIулго вахана Эльбрусалде (5642 м) ва гьел гурел цогидалги тIогьазде – ред). Дица байбихьудаго лъазабуна: «Эвересталде хутIизегIан, бокьаралъуве», – йилан (дунялалда бищун борхатаб мугIрул тIогь – 8848,86 м, рикIкIуна тIаде рахине бищун хIинкъараблъунги – ред).

Рос гьел тIохазде вахунаго дир ракI рекIеда букIунароан, гьадигIан заманаялъ жиндиргун бухьен букIине гьечIилан гьес лъазабун букIаниги. Жибго «7 тIогь» клуб спутникалдасан телефонгун альпинистазулгун бухьеналда букIуна ва гьезул сайталдасан гьезул маршрут бихьула. Амма анкьазарго метр бугеб борхалъуде гьужумалда бетIергьанчи вугеб мехалъ, ракI парахатго рукIин бажарулеб иш гуро.

Зиябутин вуссиндал нижехъе рачIуна гIемерал гьалбал ва гьес цIидасан гьениб ккараб-тараб бицунелъул, дун цоги нухалъ гьев магIарда вугев гIадин лъугьуна. «Дир гIумрудул борхалъи» йилан абураб, жиндирго гIумрудул хIакъалъулъ тIехь Зиябутиница къватIибе биччайдал, дица тIогьазде вахиналъул хъварал бутIаби цIализе гьечIилан лъазабуна ва гьел борхалъабазде яхине дида киданиги ракIалдецин ккечIо.

### *Бокьула дие тира-сверизе, сапараз яхъине. Хасго ГъунчукъатIире*

Бокьула дие тира-сверизе, сапаразде яхъине, хасго кIудиял рюкзакалги захIматаб нухги гьечIони. Ниж гIемерал уна Приэльбрусьеялде, Азербайджаналда бугеб Шахдагалде, ун рукIана Испаниялде, Доминиканаялде, Канаразул чIинкIиллъабазде, Дагъистаналдаги гIемерал бакIазде щвана.

Хасго ниж уна нижерго гIагараб ГъунчукъатIи росулъе, нижер гьениб лъикIаб рукъги буго. Ниж гьенире унел рукIин лъани, жеги 10-15 чиги гIола тIаде, нижеда цадахъ хIухьбахъи гьабизе бокьарал. Цо-цоял цереккунго кIалъала: «Нуж цосина росулъе инехъин гьечIищ? Нижееги бокьун буго», – йилан. РакIгъоларого, щиб гьабилебали лъаларого ниж киданиги рукIунаро. ГIагарлъи ва гьудулзабиги кидаго хIадурал рукIуна нижеда цадахъ къватIире рахъине».

***Гара-чIвари гьабуна***
***Руслан Бакъидовас***

# Нарсия
# ХIажиэменова



# Гьале иш!

***Гьелъ гьанситохъ цІаги цІунула, бизнесги рагьула, пикруцоял руччабазе квербакъиги гьабула. Гьединал рукІуна магІарул бизнес руччаби. Гьелъул ва цогидалъул хІакъалъулъ нилъер журналалъе бицана Нарсия ХІажиэменовалъ. Гьеб ишалъулъ гьелда божизе бегьула. Гьей ккола «Легенды Дагестана» абураб турфирмаялъул нухмалъулей, «Деловая горянка» абураб жамгІияб гІуцІиялъул генералияй директор ва «Единая Россия» партиялъул руччабазул багъа-бачариялъул член. Гьелъ нухмалъи гьабулеб буго Дагъистаналда бугеб «Опора России» абураб жамгІияб гІуцІиялъул туризмалъул комитеталъеги.***

***Нижеца Нарсиягун гара-чІвари гьабуна ва лъазабуна кин гІадатияй дагъистанияй Австриялда балалде кколей, кинаб букІинесеб Дагъистаналъул туризмалъул бугеб ва жамгІиял гІуцІабазул тІокІлъи кинаб бугебали.***

***– РакІалде кколеб буго мун цІакъ жигарай чІужугІадан йигилан. Лъимерлъудаги йикІарайищ мун гьединайго?***

– Дун кидаго жигарчІужу йикІана. Жеги йилълъине лъалалдегоги йикІун ятула дун цо минуталъ чІезе кІолареб лъимер. Дие кьуна гІадатияб тарбия. Дир эбел-инсуца гьитІинго якъинго бичІчІизабуна: ясазе гьадин гьабизе бегьула, амма гьаб гьабизе бегьуларо. Васаз гьадин гьабизе ккола, гурони кинал васал гьел рукІунел. ЦохІо цІар букІинаха василан.

Амма нижеца киданиги гІорхъи бахинчІо. Лъицаниги гьукъичІо нижее лъималазулаб кеп гьабизе, нижер цо жоялде интерес бихьани, эбел-инсуца нижер рахъ кколаан, кумек гьабулаан. Цо-цо хъизаназда тарбия кьейги хъачІаб бербалагьиги цого жойилан ккола. Дир эбел-эмен гьединал рукІинчІо.

Дир кІудияв вац, гьитІинаб къоялдасаго дидаса гІемерго кьвараравукІана; нижеда, гІиссиназда цебе жавабчилъи бичІчІулеб букІана гьесда. Гьев бизнесалде вана, цо заманаялъ политикаялда гъорлъги вукІана. ГьитІинав вацас динияб хІалтІи тІаде босана. Дир хІакъалъулъ бицани... Дир гІемерал батІи-батІиял хІалтІаби рукІана.

***– ХІакъикъаталдаги, мун йиго туристазул компаниялъул бетІерги, жамгІияб гІуцІиялъул генералияв директорги, «Единая Россия» партиялъул руччабазул багъа-башариялъул гІахьалчІужуги... Кин гьеб кинабго байбихьараб?»***

– Доскаялда цееги чІун лъималазда батІи-батІиял жал малъиялдасан. Дун Казбек районалъул ЦІобокь росулъ 5 соналъ мугІалимлъун хІалтІана. Гьениса йиго дун. МахІачхъалаялде яхъингун, дун брокерлъун хІалтІизе лъугьана – дида бичІчІулеб букІаралъул мугІалимлъи дир пиша гуреблъи. ГІемерал кватІичІого дун ккана тІадегІанаб даражаялъул цІа-рагІ биччалеб Цептер компаниялде ва гІемер заман



бахъилалде гьений бищун цеетIурай хIалтIухъанлъун лъугьана. Гьез дун кьун путевкагун Венаялде балалде йитIана. Гьеб букIана компаниялъул баркала. Бицун бажаруларо дир букIараб рекIел хIалалъул – батIияб пачалихъго бихьичIей гIадатияй дагъистанияй уней йиго Австриялде, гьенийги кколей йиго Венаялда бугеб Хофбург кIалгIаялде балалде. Дун лъавуда йикIинчIо.

Хадур ниж Эмиратазде, Италиялде ва цогидалги улкабазде сапаралъ. Италиялда дица дидаго берцин бихьараб щинаб босулеб букIана, цинги дицаги гьудулалъги циндаго пикру гьабуна «Щай нилъеца Италиялъул ретIел-хьиталъул бутик рагьизе бегьулареб?» – илан. Нижеца гIемерал гъалатIал гьаруна нижерго бизнес нухда бачунаго, предпринимателаз гьаризе кколел галабазул хIакъалъулъ баянал нижер гIемер рукIинчIо. Хадуб 2020 соналда тIаде щвана пандемия, къана гIорхъаби, Италиялде къайи босизе ине рес букIинчIо ва бизнес дагь-дагьккун гъанкъизе байбихьана. Цинги дир кIудияв вацас: «Туризмалъул хIалбихье. Нилъер руго гьалбадерие рукъзал, ресторанал, амма туроператорал гьечIо. Гьеб бакI щай дуца кколареб», – илан абуна. Дида бичIчIана гьеб лъикIаб пикру букIин.

Дагьаб цебегIан дун лъугьана «Опора России» абураб жамгIияб гIуцIиялде. Регионалияб отделениялъе нухмалъи гьабулеб буго Зулгьимар Ибрагьимовна ТIайгибовалъ. Баркала буго къисматалъе нижер лъайхъваялъухъ. ХIалбихьиги бугел гIадамазда лъала цо рахъалдаса цогидаб рахъалде бигьаго кин лъугьинелали. ЦIияб бизнес рагьиялъул суал, гIарцулъцин гуреб, нухмалъиялъул бажариялъулъ, кисан байбихьизе кколебали, кибе ине кколебали лъай буго. Гьелдаса дие щвана бутик рагьараб мехалда дие камун букIараб лъай.

Дир тIоцересел клиентал рукIана дирго гьудулзаби. «Дур турфирма гурищ бугеб, ниж гьанире раче, доре раче, цойги кире рукIаниги рачеe». Гьедин цебе ана. Цоцахъе кьун, лъана, цогидазулги заказал рачIана.

Бокьараб: «Бажарулищ ниж...», дир букIана: «Валлагь бажарула...», – жаваб, щиб гьабилебали лъалеб гьечIониги. Амма дида мухIканго лъалаан дихъа унго-унгоги бажарулеблъи.

РакIалда буго, цо нухалъ 80 чи Гъунире рачине бачIана заказ. Доб мехалъ гьединал кIудиял къокъаби тIаде росулел чагIи дагьал рукIаниги, дица: «Проблема гьечIо», – ян абуна. КIудияб захIмалъи ккечIого, тIубазеги гьабуна. Гьанже «Легенды Дагестана» гIуцIиялъ нухмалъи гьабула кигIанги чIахIиял къокъабазе. Исана нижехъе бачIине буго 300 чиясдаса гIуцIцIараб къокъа, тIасияб соналъ 500. ГIаммаб къагIидаялъ нижеца тIоритIула цо къоялъулги гIемерал къоязулги экскурсиял, рачуна бощунго гIемерал чагIазе рихьизе рокьарал бакIазде.

***– Гьанже туризм кинаб рахъалдехун чваххизе кколеб, дур пикруялда?***

– БукIинесеб медицинаялъул туризмалда нахъа бугилан ккола дида, гьелъул дица цебегоялдаса бицунеб буго. Гъаякенталъул хIарщул хIамамал, Талгиялъул сероводородалъул иццал, Гъуниб сах гьабулеб гьава, Ахтиялъул хIамамал, СтIал Сулейман районалда бугеб Хпул-Ятар санаториялъул сах гьарулел лълъимал. ГьабсагIаталда гIадамал аслияб къагIидаялъ хьвадулел руго Пятигорскалде ва Кисловодскалде, амма гьеб дагь-дагьккун хисизе буго. Гьеб мехалъ нилъер туризмги лъугьина, сезоналъулаб гуреб, тIубараб лъагIалилаблъун.

***– РачIа «Деловые горянки» гIуцIцIиялъул хIакъалъулъ бицине.***

– РачIа. ЖамгIияб хIалтIи, гьеб гIарцул хIакъалъулъ гуро, гьеб буго рухIияб рахъалъул хIакъалъулъ. Цин дие кьуна «Бизнес-леди» абураб жамгIияб гIуцIцIиялъул бакIалъулай директоралъул хъулухъ. Дица къабул гьабуна, «Опора России» гIуцIцIиялъул мисалалдалъун дида бичIчIана, жамгIиял гIуцIцIабазул кIвар. Амма хIалтIулаго дида бичIчIана, «Бизес-леди» къокъаялъул ва дир пикраби кидаго данде кколел гьечIеблъи. Гьединлъидал дицаги дирго пикруцоял гьалмагъзабазгун хIукму гьабуна кIудияб ребрендинг гьабизе ва цIияб «Деловые горянки» абураб жамгIияб цолъи гIуцIизе. 2025 соналъул апрелалда нижеца официалияб къагIидаялъ кIодо гьабуна цо сон тIубай.

***Щийха гьей кколей, бизнес-магIарулай?***

Гьей ккола рокъоб гъанситохъ цIа свине биччаларей, амма гьелда юхьинчIей гIадан. Гьелъул букIине бегьула жиндиего рекIелгъеялъе, цебетIеялъе ва гIарац гьабиялъе квербакъулеб хIалтIи. Нижер гIуцIцIиялъул масъала буго кинабго рахъалъ гьелъие кварбакъи. гьелъие щибаб рахъалъ квербакъи гьабизе. Нижеца тIоритIула мастер-классал ва тренингал, кумек гьабула бизнесалъул партнёрал ралагьизе. «Деловые горянки» ккола жидерго бизнес рагьизе хIукму гьабурал руччабазе, махщелчилъиялъул рахъалги жиндирго рахъалъги цебетIезе рес кьолеб платформа.

***– Кинал рахъаз нужеца кумек гьабулеб?***

– Туризмалъул, лъайкьеялъул, берцинлъи ва сахлъи цIуниялъул, гIарцул рахъалъ – нижеца кумек гьабула грантал ва субсидиял щвеялъе. Ва нижер гIуцIцIиялда жаниб рагьун буго рахIмуялъул проект «Фонд горянок»», гьелъ къварилъиялда ругезе гIарцул ва социалияб кумек гьабула.

***– ГIемерал ругищ Дагъистаналда руччаби бизнесменал?***

– ГIемер руго. Гьединабго гIуцIцIи бихьинал бизнесменазеги щай рагьуларебилан абулел бихьиналги дандчIвана дида. Нижер цоцазе бугеб кумек ва квербакъи бихьулеб бугелъул гьездаги.

***Руслан Бакъидов***



Феруза
СултIанова

# КанлЪиялЪул цIурай…

***Жиндирго тIабигIияб хIеренаб гьаракьалъ, гьимиялъ ва дунялалдехун бугеб рагьараб бербалагьиялъ асир гьаюна дун Феруза СагIадиевналъ. Гьелдасан бачIунеб, нус-нус бакъул чIор речIчIулеб гIадинаб асаралъ, гара-чIвари гьабизе дагьабги гъира базабуна.***

Фируза мукIурлъана табасараназул хъизаназда хасал гьоркьорлъаби рукIиналъе: «Гьезул лъимал гIемер рукIуна, лъимер гьабураб мехалдаса нахъе, гьелъулгун хасаб бухьен лъугьуна. Ва хъизаналда ругел чIахIиял лъимал гIисиназе эбел-инсул бакIалда рукIуна», – ян бицана гьелъ.

Гьелъул хасияталда жаниб кинабго жубан буго: гIадатияб гIумруялъул къагIидаги, жиндирго махщалиде бугеб рокьиги, табасараназул рессариялде бугеб гIищкъуги: «Кинаб табасараназул хъизаналда халичаби рессулареб?» – илан гьимула гьей. «Гьеб ккола умумуз нижехъе кьураб некIсияб кверзул махщел, цIунейилан васиятги гьабун. Халича бессулеб мехалъ ругьунлъула сабруялде, хIаракат бахъула лъикIаб рекIел хIалгун гьеб хIалтIи гьабизе. Гурони, киналъулго магIна лъугIула. ГIумруялдаги гьединго букIуна – дуца батIи-батIиял гIадамазулгун бухьенал гьарула, гьезулгун гIаммаб, гьел гIагар гьарулеб жо батула, гьудуллъи ккола…» – ян рикIкIунеб буго Феруза СултIановалъ. Кинха гьелда разилъичIого рукIинел?

Гьей мукIурлъула жиндир гIумруялда жаниб кинабго ахIвал-хIалалда рекъон жиндир бакIалде ккеялъе: «Эбел-инсул ниж анлъгоял рукIана ва гIумруялъ гьоркьорлъаби жиндирго къагIидаялъ гIуцIцIана, ниж ругьун гьаруна хIалтIуде, нижерго жавабчилъиялде, гьалбадерил ва гIагарлъиялъул гIемерлъиялде».

Ферузаца бицана жиндир эбел, тIоцебесеб даражаялъул халичабазул ессарухъан, Суна Агъабалаевна тIубараб гIумруялъ хIалтIанила Лакиналъул халичаби рессулеб фабрикаялда. Гьелъул анищ букIун буго Дербенталъул педучилищеялде цIализе лъугьине, амма тухумалъул кIудияз росасе кьун йиго. Мекъи ккун гьечIо. «Гьелъулги дир инсулги лъугьуна киналго мадугьалзаби бахиллъулеб хъизан, – ян бицана Феруза СагIадиевналъ. – Киналгогун божи-рокьиялда рукIунел, дагIба букIунарел, кечI-бакъан бокьулел. Гьел данделъана эбелалъ 19 сон, инсуца 22 сон бараб мехалда. Эмен – кьварарав ва ритIухъав, унго-унгояв интеллигент, эбел – хIалимай, рази-ракияй, кидаго кумекалъе хIадурай. Эбел-инсул рокъойги йикIуна гьей гьединайго – кидаго киназего кумекалъе ятулей. Амма хъизаналъул кьучIлъун йикIана Бикаханум-кIодо.



Ниж киналго лъимал цIалана гьелъул «Макаренкол школалда», тарбиялъул кьучIлъун хIалтIи рикIкIунеб».

Ферузаца ракIалде щвезабуна жиндир гьитIинал кверацаги рессулаанила халичаби. «Ниж, киналго яцал, ругьун гьарун рукIана халичаби, сумахъал, кюме ва бархал абулел жал рессизе, гьел рессула лъолъол кунги хIалтIизабун. Щибай табасараназул чIужугIаданалда лъала гьел рессизе, кий хIалтIаниги, кинаб хIукуматалъул хъулухъалда йикIаниги», – ян гьимана гьей.

Хасаб рокьигун ракIалде щвезавуна гьелъ эмен – гьев вуго, патриот ва ритIухълъиялъул мисал гуревги, табасараназул адабият лъалев, прозаялъулги поэзиялъулги гъваридаб бичIчIи бугев чи. Жакъаги гьесие рохел буго табасараназул классиказул шигIриял мухъаз жиндиего гьабулеб асаралъул бицине. БакIал раялъул техникумги лъугIизабун, СагIади Дадашевич хIалтIизе витIана Челябинск шагьаралде, гьенисан стратегикиял къуватазул аскаразда хъулухъ гьабизе ахIана. Хъулухъалдаса хадуб гьев цIализе лъугьана Шималияб Осетиялъул университеталъул юридикияб факультеталде ва гьединго хIалтIана школалдаги, цинги Хив районалъул жанисел ишазул отделалъе нухмалъи гьабизе ахIана.

Амма рагIуде бугеб рокьиялъ гьев Хивалъул телевидениялде вачана, ахир-къадги гьес нухмалъи гьабуна гьелъие. Гьес гIемераб ракIги рухIги кьуна гьениб лъикIаб коллектив гIуцIиялъе, техника босиялъе, жидерго хIалтIуде гъира бугел творческиял гIадамал ралагьиялъе: «Эмен кидаго вукIана дир гIумруялдехун, гIадамаздехун бугеб бербалагьиялъул школалъун», – ян ракIалде щвезабуна Феруза СагIадиевналъ. Гьелъул инсуца кучIдулги хъвалел рукIун руго, амма гьесул хъизаналда гьеб лъан буго гIицIго чердакалда кучIдузул дантар батараб мехалъ.

Ферузаца дагьабги гъираялда бицана кIудияв инсул хIакъалъулъ – тухумалъул бищун кIудияв Дадаш машгьурав вукIана кочIоде бугеб рокьиялдалъун ва живгоги хъвадарулев вукIана. КIудияб ВатIанияб рагъул ва граждан рагъул ветеран, гьесул чанги букIана бицине жо. Гьес хъвана кучIдул, хIатта рахьдал мацIалда къватIибе къисагицин биччана.

ГьитIинаб къоялдаса нахъего рокьулаан Феруза СагIадиевналъе табасараназул классикал ПирмухIамад Аслановасул, Абумуслим Жафаровасул, Манап Шамхаловасул, Багьаудин ва МутIалиб МитIаровазул, Юсуп Базутаевасул, Шамил Казиевасул, ПирмухIамад Къасумовасул, Шахвелед Шахмардановасул асарал. «Гьезул творчествоялда жаниб бихьулеб букIуна – хIалтIи бокьулел, ракIра-

гьарал, жавабчилъи бугел, гьалбал хирияб халкъалъул аслу».

Ферузаца ракIалде щвезабуна табасаран мацIалда кIикъоялда микьго бакIалъул ва ункъо аслияб падеж букIин. Бищунго некIсиял миллатазул цояблъун кколеб табасаран халкъалъ гIасрабаз жидерго ракь цIунана тушбабаздаса, гьелъул хIакъалъулъ хъван буго некIсиял эпосаздаги. Гьелъул творчествоялъе кьучIлъун лъугьана гьитIинаб ватIаналъул тарихалъул гIемерисеб бутIа.

ДГУялъул филологиялъул факультеталъул гIурус-дагъистаналъул отделение лъикIал тIадегIанал къиматаздалъун лъугIизабун хадуб, гIалимчIужулъун яхъине бугеб анищалъ, Феруза СагIадиевна лъугьана Россиялъул ГIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб Централъул фольклоралъул отделениялъул аспирантураялде: «Анищ букIана гIелмуялда тIад хIалтIизе. Амма хъизан гIуцIцIун хадуб халатрахъарал планаздаса инкар гьабизе ккана. БатIи-батIиял соназ дун хIалтIана мугIалимлъун, корректорлъун, ГI. Тахо-Годил ЦIаралда бугеб гIелмияб институталда гIелмияй хIалтIухъанлъун, гьебго заманаялъ «Зори Табасарана» газеталъул отделалъул редакторлъун. Бокьана хIалтIизе «Даггизалда». Дир хIалтIул хIалбихьиги хIисабалде босун, издательство «Просвещениялъ» ахIана редакторлъун хIалтIизе.

Дида рахьдал мацI цIуниялъул рахъалъ дирго жавабчилъи бичIчIула. «Ппази» – табасаран мацIалда бахъулеб «Соколёнок» абураб литературиябгун художествияб журналалъул редакторлъун тIами ккола дие рахьдал мацI цIунизе иргадулаб реслъун.

Редакторазухъе рачIуна гIолилазул кагътал, суратал, кучIдул, харбал. ГIолохъанал авторазул асарал журналалда рахъиялдалъун ва цIалдолезул табасараназул классиказул ва гьанжесел хъвадарухъабазул асаразулгун лъай-хъвай гьабиялдалъун нижеца гьезулъ рахьдал мацIалде ва жидерго халкъалъул тарихалде рокьи бижизабулеб буго».

Хасаб рагъулаб операциялъул хIакъалъулъ рахъарал басмаби хасго машгьурал ругин мукIурлъула гьей. Табасараназул рагъухъабаз, жидерго дагъистаниязул ва гIурусазул вацалгун цадахъ, бахIарчилъиялда цIунулеб буго Украиналъул фашистаздаса нилъер ВатIан, тIубазабулеб буго гьелда цебе налъи. Гьеб гурищ ВатIаналде бугеб рокьул бищунго лъикIаб мисал?!

ЦIалдолезе бокьила лъазе Феруза СагIадиевналъул хъизаналъул хIакъалъулъги. Гьелъул рос Аксан Сейфудинович ва кIудияв вас Рагьим хIалтIулел руго Дагъистаналъул МВДялда. ГьитIинав Ислам цIалулев вуго Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда.

***ГIадатияб хъизан. Амма гьединал гIадатиял хъизаназ гIуцIулеб буго Дагъистаналъул тарих.***

***ГIайшат Тажудинова***



# Нижж бакъназ данде гьаруна

***Санкт-Петербургалдаса кочIохъан ва Россиялъул культураялъул хIаракатчIужу Наталья Орловалъул Дагъистаналъулгун гIемерал бухьенал руго. Нижж дандчIвана федералияб даражаялъул тадбиралда – МахIачхъалаялъул 54 школалда тIобитIараб «ХIинкъигьечIолъиялъул школа» абураб мобильниял подразделениязул ТIолгороссиялъулаб митингалда. Митингалде рачIун рукIана тIолабго улкаялдаса вакилзаби. Натальяца гьалбадерие ахIана чанго кечI, гьезда гьоркьоб жиндирго композиция, нилъер республикаялъул берцинлъиялъе сайгъат гьабураб «Дагъистан» кечI ва гьединго машгьураб Расул ХIамзатовасул ва Ян Френкелил «Къункъраби» абураб кечIги. Церерахъиналъул заманалда тIолабго зал занкIун цIун букIана ва рахъун чIун гIенеккана машгьурал кучIдузухъ.***

***Гьелдаса чанго къоялъ цебе гьелъ жиндирго концерт кьуна Гъизляр районалъул Крайновка росуялда аскIоб бугеб цIияб «Пальма» абураб пляжалда.***

***– Наталья, мун кигIан гIемер ячIуней Дагъистаналде?***

– Дун гьание щибаб риидал щола. Дагъистаналде дир кIудияб рокьи буго. Гьеб гьечIого дида гIумру гьабизе кIоларо. Дун гIемерал улкабазде щвана, концерталгун дунялалъулго гастролязде ана, амма Дагъистаналда гIадинаб берцинаб тIабигIат дида кибниги бихьичIо. Америкаялъул машгьураб Гранд-Каньон бихьана, амма Сулахъалъул каньон цIикIкIун берцинаб буго. БичIчIула щай Расул ХIамзатовасул кучIдул гьадигIан гъваридал ругелали: кьурул рагIалдаги чIун мугIрузул тIогьазухъ ралагьараб мехалъ, абадияб хIухьел чIвала... Дица киназдаго абула Дагъистаналде щвечIого рукIунгеян.

Гьаниб тIабигIаталъул берцинлъиялъ асир гьарула ... Дие бокьула гьание тIадюссун ячIине. Гьединлъидал дица гьаниб рукъги босана. Гъизилюрталъул гIурусазул хабалалъ рукъун руго дир лъималазул кIудаэмен ва кIодоэбел. Дир рос Александр гьавуна Гъизилюрталда, амма гьесул кьалбал руго Нечаевкаялдаса. ХIатта хъизаналъул биценги буго, дол захIматал соназ лъикIаб гIумру балагьизе гьаказдаги рекIун хьвадулел рукIарал гIадамал, ракIалдаго гьечIого ччугIа гIемераб, рагIаллъабазда батIи-батIиял пихъил гъутIби гьарзаяб Сулахъ гIурул рагIалда дандчIван ругилан. Гьез хIукму гьабун буго гьениб чIей гьабизе, гьединлъидал гьеб росдада цIарги Нечаевка абун лъун буго, лъиданиги ракIалдецин ккун букIинчIелъул гьенир чIезе. Гьеб росулъ тIоцересел рукъзабазул цояб бан букIана дир росасул хъизаналъ. Квеш ккараб жо – Сулахъ гIоралъ жиндирго нух хисидал, гьеб лъеца бачун уна ва Александрил эбел-эмен Гъизилюрталде гочине ккола.

Дунги дир росги данде гьаруна бакъназ: МахIачхъалаялъул музыкалияб колледжалда баян хъвалев студент хIисабалда гьев витIула Поволжье областалда тIобитIулеб конкурсалде ва бергьуна. Жюриялъул председатель,Санкт-Петербургалъул консерваториялъул профессор, машгьурав баянист Петр Говорушкоца гIолохъанав музыкант ахIула жиндирго классалда Петербургалда цIализе. Чанго соналдасан Неваялда бугеб гьаб берцинаб шагьаралда дунги Александрги дандчIвана ва бакъаназ ниж абадиялъго цоцазда рухьана.

Ниж рукIана куркьбал гIадин, кинабго цадахъ гьабулел, Финляндиялда ва Россиялда, дир режиссерлъиялда гъоркь, «Рокьул бакъан» абураб музыкалияб фестиваль ва «Кантанта» музыкалияб театр гIуцIулел. Дир рос гIумруялдаса ватIалъана кIиго соналъ цеве, амма дир гьесулгун бухьен жеги буго. Дун кидаго гьесда цадахъ йиго, гьес цIунун йиго ва, вихьулев гьечIониги, кидаго аскIов вукIин лъала.

Нижер буго лъабго лъимер. Дагъистаналъе гьеб гIемер гьечIо, амма Санкт-Петербургалда дун йиго гIемерлъималазул эбел. ГIадамаз дида гьикъула захIматго бугищилан, кин дуда кинабго гьабизе кIолебилан. Гьелъие дица ракIбацIцIадго жаваб кьола, кинабго гьабизе рес гьечIилан. Цо-цо иш лъугьуна, цо-цо лъугьунаро. Бажарарабги гьабун церехун рилълъине ккола...

***– Дур кьибилго Петербургалдасайищ?***

– Нилъер улкаялда кьолболъанго Петербургалъулал ккола эбел-эмен, кIудаэмен, кIодоэбел Петербургалда гьарурал чагIи. Дир тарих батIияб буго: эбел ккола Тверь областалдаса, эменги вуго Мурманск областалдаса; гьел дандчIвана Петербургалда. Эбел хIалтIулей йикIана Главпочтамталда, гьей йикIана цIакъ жавабчилъи бугей хIалтIухъан. Ва дун дарсал лъугIун хадуб почалде гьелъухъе екерулаан, кагътал ратIа гьаризе кумек гьабулаан, дирго тIоцересел концертал

битIахъего гьенир цехалда гIуцIулаан. Дие кидаго бокьулаан кечI ахIизе, амма дир эбел-эмен кечI-бакъаналдаса цIакъ рикIкIад рукIана. Дир эмен вукIана шахтёрлъун — цIакъ захIматаб хIалтIи, бакъаназе заман букIинчIо. Гьезие гьанжеги цIикIкIун бокьула сихIкьотIи.

***– Опера дур аслияб жанрищ?***

– Опера ккола дир рокьи, цогидал искусствоялъул формаби цолъизарулел тIадегIанал жанразул цояб. Операялда цолъизабула литература – операби, хъвала тарихиял сюжетазда рекъон яги машгьурал хъвадарухъабазул сюжетазда рекъон – симфонияб бакъангун, сурат бахъигун – операзе костюмал ва декорациял рахъула гьунар бугел театралъул художниказ – ва кьурдаби – опералъул постановкабазда гIемерисеб мехалъ кьурдула кьурдабазул труппа. Гьелъ гьединго цолъизабула режиссерасул постановкаялдехун бугеб бербалагьи – цониги опера киданиги релълъараб букIунаро, цо сюжетгун ва бакъангунцин – щибаб постановкаялъул рукIуна жидерго хасал образал, режиссерас ургъарал. Ва операялъул тажлъун ккола бищунго гIажаибаб ва берцинаб алат – инсанасул гьаракь, оркестралъул цогидал киналго алатаз кумек гьабулеб. Операялъул солистазул ансамблалъ кьола тембразул палитра, гъваридаб, гIодобегIанаб басалдаса байбихьун, борхатаб сопраноялде щвезегIан. Опера кидаго букIуна рокьул, мистикаялъул, лъугьа-бахъиназул ва гIумруялъул хIакъалъулъ.

Дун гIемераб заманаялъ унеей йикIана гьеб жанралде. ГIолохъанаб мехалъ дида лъицаниги абун букIарабани, дуца опера ахIизе бугилан, дун цIакъ гIажаиблъизе йикIана. Ва дида ричIчIула операялде интерес гьечIел гIадамал.

Амма дир талихI ккана: цо къоялъ Михайловскиясул театралда бихьана «Русалка» абураб опера, гьелъ хисизабуна дир къисмат. Дун кутакалда асир гьаюна актеразул махщелалъ, гIажаибал кочIол ансамбляз, декорацияз, гьанжесел хасал эффектаз ва режиссерасул бербалагьиялъ ва спектакль бакьулъе щведал бичIчIана дида дие операялъул солистлъун йикIине бокьун букIин.

Дир кочIохъанлъиялъул карьераялъул талихI ккана бищунго лъикIал опералъулал ролал, аслиял ролал ахIизе щвей: гьебго цIаралъул операялда Аида, «Пачаясул бахIарай» абураб операялда Марфа ва «Евгений Онегин» абураб операялда Татьяна Ларина. Дун Дагъистаналде ячIана «Иоланта» абураб операгун. Дагъистаналдаса артисталги рачIун рукIана 2019 соналъ Финляндиялда дица тIобитIараб фестивалалдеги.

Дица Финляндиялда гIуцIана дирго музыкалияб фестиваль, гьеб санайил маялда рагьараб зодикь тIобитIулаан. Нижеца «Евгений Онегин» лъуна хадуб Ларинил кIалгIалъун лъугьараб басрияб кIалгIаялъул чIагоял декорациязда. Татьяналги Онегинилги гара-чIвари, гьединго Ленскиясулги Онегинилги дуэль унеб букIана гьениб ахикь. Гьеб букIана гIажаибго ва кинабго хIакъикъаталдаги лъугьунеб гIадаб асар букIана...

Дир лъималги руго кечI-бакъаналда гъорлъ, гIемер гIахьаллъула дир концертазда ва церерахъиназда. Бакъан ккола универсалияб искусство; дие гьеб ккола ТIадегIанав Аллагьасулгун бухьенлъун. Бакъаналдалъун мун абадияб гIумруялъул гьитIинабго бутIалъун лъугьуна.

***– КечI-бакъан гуреб, цоги щиб гьабизе дуе бокьулеб?***

– Сапарал, дунял бихьи буго цоги дие бокьулеб хIалтIи. Дун гIемер уна гастролязде ва дунял лъазабизе цIакъ гьира букIуна. Дие бокьула цогидал пачалихъазул тIабигIаталъул берцинлъи бихьизе. Лъимал гьарилалде дир киналго гIадин концертал рукIана къватIисел улкабазда. Гьан-

же дун гIемер хьвадула Россия бихьизе. Цодагьалъ цее мугIруздеги щвана.

Дир цIиял хоббиязул цояб ккола арфа. Дир кIудияй ясалъ профессионалияб къагIидаялъ хIалтIизабула кIудияб арфа, дица диего гьитIинаб босана. Ва магIарухъе щведал, магIарул чIужугIаданалъул ретIелги ретIун, гьорол бакънازухъги гIенеккун, мугIрузул лъалкIаздасан хьвадана. Ва дие жаваб кьуна арфаялъ; тIоцебесеб нухалъ дида рагIана гьуриялъе жаваб кьолел чIчIваби. Дица лъимал ахIана ва гьез абуна: «Баба, нижеда лъалароан чIвабзаз жидецаго кечI ахIулеблъи!» – йилан.

***– Кин дуда кIвараб гьадигIан гIемерал мацIал лъазаризе?***

– Сапаралъ унелъул. Дун гIемерай йикIуна сапаразда ва унго-унголъунги бокьула гIадамазулгун бухьен гьабизе. Дица мацI жанисанго лъала, дида лъала гьелъул кьучIги гIуцIиги, гьелъ щибаб цIияб мацIги бигьалъула лъазабизе. Ингилис мацI гъваридго лъазабулеб программа бугеб школалда цIалулей йикIиналъ дица 14 сон баралдаса репетиторлъи гьабулаан ва дие диего харжалъе гIарац щолаан. Хадуб дица цогидал мацIалги лъазаруна. Дица лъикI лъала ингилис, француз ва италиялъул мацIал. Дица гьел мацIазда кучIдулги хъвала художествияб литератураги цIалула. Цодагьаб загIипго лъала испан мацI, немц ва фин мацI. Ингилис мацI бицунел улкабазда дица кечI ахIула ва залалда ругезулгун бухьен гьабула ингилис мацIалда; француз мацI бицунел улкабазда дун кIалъала француз мацIалда. ГIадамаз къимат кьола дица гьезул мацIалда кечI ахIулеб букIиналъе, дунги йохула таржамачи гьечIого дида гьел ричIчIулел рукIиналдаса.

***– Дуцаго хъвалищ бакъан?***

– Дица бакъан хъвала, амма цоцо мехалда дида ккола гьеб цогидаб бакIалдасан рагIулеб бугилан, дица гIицIго хъвала рагIараб жо. Щиб



лъалеб, гьеб бажари – «рагIулареб жо рагIизе» – щибав чиясулъ букIунеб батила, амма гIемерисезда гьеб кIочон тола.

Щиб жоха кколеб талихI? ТалихI буго цо кIудияб тIолабгоялъул бутIалъун рукIин бичIчIи ва гьеб кIудияб талихI дица гьарула киналго «МагIарулай» журнал цIалулезе. РачIа дир концертазде, спектаклязде. Цоцазулгун бухьен гьабиялъ нилъ рухIияб рахъалъ бечед гьарула.

***Гара-чIвари гьабуна***
***Гульнара Асадулаевалъ***



# Бищун бецIаб сардилъги чIвазе бегьула кунчIи

*Передрий Надежда Семёновналъ: «ГIумруялъул тIубараб гъварилъи лъазе ккани, унго-унгояв шагIир мискинав вукIине кколин абула, амма балагье дун кигIан бечедай йигеяли!», – йилан такрар гьабула махсарогун. Гъеб гIадатиял рагIабазул дандраялъ гъорлъе бачуна тIубараб гIумру.*

Доб заманаялъ гьей Курганалда гIумру гьабун йикIана ва цо къоялъ жиндирго кучIдул ритIана Москваялъул издательствоялде, гIицIго талихIалъул хIалбихьизе. Гьелилан абуни, къабул гьари гуребги, чанго машгьурал лъималазул журналазда рахъана! «Вай, дун чIухIун йикIарай куц! – илан ракIалде щвезабула гьелъ, елъулаго. – Дица пикру гьабуна: «КигIан цIодорайха дун йигей! Дир кучIдул жибго Москваялъгицин къватIире риччалел руго!» – йилан.

– Амма инсуца, гIадатияв хIалтIухъанас, хехго ракIалде рештIинаюна: «ЦIакъго чIухIуге, дир яс, цIале, лъай босе. Гьеб мехалъ бажарила духъа бокьараб иш гьабун», – илан. Пагьмуялъул мугь, хIакъикъаталдаги, бекьун букIана, амма баккизегIан гIумруялда жаниб гIемераб жо бихьана. Чанго гIумруялъе гIурабгIан бихьана.

Кинабго лъикI бугин кколеб букIуна: хъизан, кIиго вас, вокьулев рос. Амма цо лахIзаталда жаниб кинабго биххун уна. Гьеб кинабго байбихьана гIадатияб квачалдаса хадуб гьелъул кодов гьитIинав вас хвеялдаса. Цебе чIезабизе кIолищ рещтIараб къварилъи? Гьеб хIехьезе кIвечIого, заман бахъиладе хола рос. Гьелдаса хадуб нервабазул унтиги ккун, тIубанго беццлъула Надежда Семеновна. Дунял тIерхьуна бецIлъиялъулъ.

Амма гьеб бецIлъиялдагицин гьелда батана къеркьезе къуват. У, захIмат букIана, амма гьей къуркьичIо. Хадуб гьабуна операция, реабилитация, ахир-къадги гьелъул дагьабго канлъи тIадбуссана.

МахIачхъалаялда квартираги бичун, кIудияв вас Алексейгун цадахъ Белгородалда гIумру гьабизе гочун хадуб, тIаде бачIана цоги балагь: хвана кIиабилев васги. Дунялалда жийго хутIарай гьелъ хIукму гьабуна гIумру цIидасан байбихьизе. Гьей тIадюс-



сана гIагараб МахIачхъалаялде, цо капекги кодоб гьечIого, амма букIинеселде кIудияб божилъигун.

РГВК телевидениялъул хIалтIухъабаз бегьана гьелъухъе кумекалъулаб квер. «Нижеца мун рехун тезе гьечIо», – янги абун, гьез кумек гьабуна гьелъие рукъзал ралагьизе ва гьениб хъвай-хъвагIай гьабизе. Цинги, гьеб лъикIлъиялъухъ баркала кьолеб гIадин, гьелда жаний йорчIана доб кечI хъвалей йикIарай яс. Гьей ячIана Поэзиялъул рокъое ва гIор гIадин чвахана рагIаби. КучIдул рукIана киналъулго хIакъалъулъ: гьелъ хIехьараб къварилъиялъул, хвел гьечIеб рокьул, гьелъул хвасарлъилъун лъугьараб шагьаралъул.

*МахIачхъала, дир рукъ,*
*МахIачхъала, дир хIикматаб нур,*
*МахIачхъала, дир хъаравул,*
*Мун гьечIони, дие кибниги талихI гьечIо...*

Гьелдаса нахъе гьелъул гIумру цIияб магIнаялъ цIуна. КъватIибе бачIана гьелъул кучIдузул кIиго тIехь,

гьей ахIизе лъугьана творческиял вечеразде, театразде. БакIалъул университетазул студентал рекерула гьелъухъе гIакълуялда хадурги гьадинго хинлъизеги.

Узухъда, къварилъи кибего инчIо, амма творчествоялъ ва гIадамзулгун бухьеналъ гьеб нахъегIан къазабуна.

Надежда Семёновналъул хабаралде тIадежубай гьабуна нижер журналалъул бетIерай редактор ва гьелъие цIакъго гIагарай гIадан Шамилова Хамисица:

«Нилъер щивасул руго рекIее гIагарал гIадамал. Гьелги бидул гIагарлъиялъул чагIи гуро, гьел руго рухIияб рахъалъ дуе гIагарал чагIи. Гьединайлъун дие ккола Надежда Семёновна Передрий, Надя ункъачу. Дунги гьейги дандчIвана бищунго захIматаб, васги росги камун, хIехьезе кIолареб пашманлъиялда гьей йигеб мехалъ. Малаик гIадин ячIун, къварилъи баччизе кумек гьабунилан абулаан гьелъ дир хIакъалъулъ.

Дица щибго кIудияб жо гьабичIо, гIицIго гьелъие захIматал лахIзатаз аскIой йикIана. Нижеца доб мехалъ МухIамад ХIажиевасул къотIноб цадахъ гIумру гьабулеб букIана, тIоцебесеб тIалаялда букIараб гьелъул лъабго рукъалъул санагIатаб квартираялда. ГIимран Мусахановасул эбел Наталья Меджидовналъ балагьун букIана диеги цо гьудулалъеги гьеб квартира. Ва цо цIад балеб сордоялъ, нижерго дагьабго къайи-цIагун, дунги гьудулги гьенире щвана. Нижеда цадахъ гIумру гьабизе ракIалда букIана. Амма гьеб мехалъ нижеда цее чIарай, тIубан чIегIер барай гIаданалъ диде кверги битIун «мун хутIила» ва дир гьудулалде ишанги гьабун: «мун метер радал нахъе ина», – йилан абуна. Дие захIмат букIана щай гьелъ гьедин гьабурабали бичIчIизе, амма ниж ратIалъизе ккана, нижер тIубанго батIияб план букIаниги.

Дицаги Надежда Семёновналъги цадахъ гIумру гьабизе байбихьана. Кверщел кодосей гьелъ дун гьебсагIатго яслъун тана, дирги дандечIей



букIинчIо. Дир эбел-эмен росулъ-лъидал рукIарал. Дида ракIалда буго гьелъие моцIрое азарго гъурщиде гIагарун гIарац кьолеб букIараблъи, амма дир ретIел-хьиталъухъ гьелъ гьеб анцIгогIан харж гьабулеб букIана. Гьедин ракI жубан цадахъаб гIумруялда рукIана ниж.

Надежда Семёновнал рокъоб букIана лъикIаб библиотека, кIудияв вас Алексейил заказалда рекъон гьабураб баян. Гьелда лъалаан даруял ххурдул, макраме хьухьине, угьаризе, юкъаризе, гIарцулаб гIасруялъул поэзия. Гьей чанги нухалъ щвана нижехъе магIарухъе гьоболлъухъ, дир эбел-эменги рачIунаан. Гьедин гIумруялъго гьудуллъи ккана нижер.

Ниж рекIекълъун рукIана, сахлъи гьечIолъиялда бан, рукъги бичун, вас Алексейихъе Белгородалде яхъине гьелъ хIукму гьабураб мехалъ, амма нижер киданиги бухьен къотIичIо. Телефоналдасан кIалъалаан, гьоркьо-гьоркьоб кагътал хъвалаан. Амма къисматалъ Алексейги вачун араб мехалъ, Белгородалда гьей сунцаниги ккун йикIинчIо ва нижеца тIадюссун Дагъистаналде ахIана.

Гьей ячIана ва дагъистаниязул гIагарлъиялда гьоркьоб жиндирго бакI батана. Гьей ккола нижер хъизаналъул цо бутIа. Дица гьелъухъе дирго рукъалъул кIулал кьун рукIана, амма гьелъ гьел дихъе нахъе кьуна ва квартира ккун йикIин тIаса бищана. Цодагьаб цебеги гьелъ гьабун батана гIажаибаб иш, социальнияб тIалабалъул «Ветеран» рокъоеги яхъун. Щиб гьабилеб, гьей гьединай йиго. Бокьуларо Надежда Семеновналъе цогидазда яччун йикIине. Амма гьелда лъала ниж жиндир рукIин ва гьаб дунялалда жийго цохIо гьечIолъи».

«Дун цIакъ бечедай йиго, – ян абуна Надежда Семеновналъ гьимулаго. –Дир кIудияб библиотекаги буго, киналго авторaз сайгъат гьарурал тIахьазул цIураб. Дир кучIдул цIалун руго Африкаялъул студентаз, гьез гьел жидерго мацIаздецин руссинарун руго, гIурус мацI лъазелъун. Нужеца цебе чIезабе, дир рухIалъул кесек гьанже Африкаялдаги буго! Гьеб гурищ унго-унгояб бечелъи?»



Щай мун Хъвадарухъабазул союзалде лъугьунарейилан гьикъидал, Надежда Семёновналъ «Щай дие гьеб къваригIаб? – абун кьуна жаваб. – Унго-унгояв шагIир мискинав вукIине ккола, ракI беццлъичIого букIине. Дунилан абуни, бечедай йиго: ралагье дир ругел щинал гьудулзаби, ракIалдещвеял, дун хведал нахъе хутIулел кучIдул».

Надежада Семеновналъ абулеб буго нилъеда бищун бецIаб сардилъги кунчIи чIвазе бегьулилан. Гьелъул гIумру ккола пагьмуги, гьунарги, рекIел къвакIиги ригьалда бараб гьечIолъиялъе далиллъун.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Саният Эмироваль*

# Кин Расми ЖабрагIилов артистлъун вахъаравали



***Расми (Рамзес) ЖабрагIилов (1932-2022) – театралъул ва киноялъул актёр, театралъул режиссер гьавуна Дагъистаналъул Къасумкент росулъ. 1955 соналъ гьес лъугIизабуна актеразул факультет ва 1961 соналъ ГИТИСалда режиссеразул факультет, хIалтIана улкаялъул батIи-батIиял театразда режиссерлъун ва актерлъун: МахIачхъалаялда, Тулаялда, Москваялда, ва бищунго гIемераб заманаялъ –1964 соналдаса 1993 соналде щвезегIан хIалтIана Москваялъул машгьураб Таганкаялда бугеб театралда.***

Жиндирго ракIалдещвеязда машгьурав артист Валерий Золотухиница бицунеб буго жиндирго гьудул Расми ЖабрагIилов театралияб институталде цIализе лъугьиналъул хIакъалъулъ кепаб хабар.

...ГIолохъанаб мехалъ Расмица хIана гьадинаб махсаро ... Артистлъун вахъине, гьес живго яц йигеблъун хIана. МухIканго абуни, артистлъун вахъине гуреб, рокъоса, кьварарай эбелалдаса, вацал-яцаздаса Дагъистаналдаса Москваялде лъутизелъун ... Дагьабги мухIканго абуни, гьес гьелъие гьабулеб жого букIинчIо, гьедин ккана.

Гьесул эмен ана фронталде. Лъимал хьихьизе бигьалъиялъе, эбел, лъималги рачун, МахIачхъалаялдаса магIарухъе яхъана. Рагъдаса хадуб гьел тIадруссана нахъеги шагьаралде – лъималазе лъайкьезе кколаан.

Лъабабилеб сон букIана Расми микьабилеб классалда цIалулев вугелдаса. Гьесие рокьулароан жубай-бахъиялъул дарсал; гьесул гьелъие кинабгIаги гьунар букIинчIо, гьединлъидал учебниказул бакIалда гьес тIахьал цIалулаан, киналго батIалъи гьечIого, гIицIго цIалиялъе гIоло. ХIатта жиндиего бокьулареб арифметикаялъул тIехь цIалана гьес байбихьудаса лъугIизегIан. Амма щибго пайда ккечIо.

Гьединго рукъ бакьулъги вегун тIехь цIалулев вукIана Расми, жий тетралияб институталде цIализе лъугьанила ва Москваялде ине йигилан, рохел бицине яц жание екерун ячIараб мехалъ. Нужедаго лъан



*Расми ЖабрагIилов ва Валерий Золотухин*

букIине, гьей йикIана университеталъул юридикияб факультеталъул кIиабилеб курсалъул студентка.

Гьеб заманаялъ МахIачхъалаялде бачIун букIуна институталъул миллияб театралияб студиялъе цIалдохъаби ралагьизе комиссия. Гьезие рекIее гIола Феруза ва йосула цIализе. Расмица бицахъе, дида гьедин бичIчIана:

– Эбелалъул цIа пирххулел берал пирилъун речIчIана, хIатIалги рахъ-рахъалде ритIун рукъ бакьулъ вегун тIехь цIалулев вугев дида: «Дир яс киданиги хъахIбалъун йикIине гьечIо! Гьав пишагьечI виччанте Москваялде ине, гьасие батIалъи щиб киб гьел жиндирго тIахьал цIаланиги». Гьелъ гьей бокьоб тIамурай къватIие йиччачIо дун инегIан... Виччан тейила гьав цIалдохъан ине бокьаралъуве щвезегIан. Дица дун инилан абуна, гIицIго нухда харжалъе гIарац кьейилан. ГьабсагIат кьелилан абуна гьелъ, гIицIго жиндир беразда цевеса тIагIайила.

Нижеда хадув вачIун вукIарав профессорги ун ватун, культураялъул управлениялдаса чиясухъе ана дун. Кидаялиго бихьун букIараб киноялдаса мацI лъалареб роль хIана. Басня цIалана. Кьурдизеги кьурдана – нижер росулъ дидаса лъикI кьурдулев чи вукIинчIо. «А гьедин батани», – йилан абуна гьес. Дица гьитIинабго, тIаде кIулалги рахалеб, чемоданалда жанире ракIарана дирго тIахьал...

РакIалда буго, кьер-кьерал хьухьарал щватаби рукIана дида тIад, тIасан цIиял калущалги – гьел рукIана битIун модаялда. Поездалда дирго гьалмагъзабаздасан дида лъана Москваялда дица рахьдал мацIалда басня яги хабар цIализе кколеблъи. Дида лъикI лъалеб букIинчIо лезги мацI. Кинабго бичIчIулаан, амма кIалъазе махщел букIинчIо. Поездалда дир вацгIалас, гьевги гьебго къокъаялда вукIарав, дие лезгиязул кечI ахIана. Гьесул махщел букIинчIо, амма бокьулаан кечI ахIизе. Дида лъалаан бакъан – нижер эбелалъ гьеб гIемер ахIулаан – рагIабиги поездалда, вацгIаласул кумекалдалъун, рекIехъе лъазарун рукIана.

Москваялда ниж горсвериялда гIодор чIезаруна. Столалда нахъа, студентал тIаса рищулев вукIарав про-

фессор Чистяковасда цадахъ рукIана курсазул нухмалъулел – Бибиковги Пыжоваги. Къокъаялъул щибав цIар ахIараб мехалъ тIаде вахъунаан ва жидеда кIвараб, лъараб гьабулаан. Дида рагIана: «ЖабрагIилова!» – йилан ахIулеб. Дун тIаде вахъана. Гьел гIажаиблъун ралагьана... Чистяковасдехун: «Гьаниб ккараб щиб? Гьаб гъалатIищ?» – «Гуро... ЖабрагIилова йиго». Гьел цин сияхIалде – дихъ, дихъ – сияхIалде ралагьана. – Дуда бихьулищ, Павел Петрович, гьав ЖабрагIилова гурей, ЖабрагIилов вукIин? – «Лъаларо, дица гьединав чи тIаса вищун вукIинчIо». Гьел дидехун руссана: «Мун щив?»

– Дун ЖабрагIилов вуго... БитIун буго, яц лъугьун йикIана цIализе..., амма эбел-инсуца гьей йиччачIо ва гьелъул бакIалда дун витIана. Эбелалъ дие гIарацги гIицIго цо рахъалдехун ине кьуна».

Гьел релъана, цоцада гьоркьоб гара-чIвари гьабуна. «ЛъикI, амма щибниги гьабизе бажарулищ?» «Дида кIола, – абуна дица, – дида кинабго кIола...» – «АхIе щиб букIаниги. АхIизе лъалищ?» – «Дала кьегийин!» Дица ахIана эбелалдаса ирсалъе щвараб кечI, бицана маргьа... Цинги гьезие бокьун букIана дун лезги мацIалда кIалъалев рагIизе... Лезги мацIалда щибго лъаларелъул, дица байбихьана гIурус махсаро-хочIал ургъа-шургъун лезгигун жубан хъуризе. Ва рагIаби гIолареб бакIалда дица тIаде журана лезги мацIалда дидаго лъалел рукIарал хъубал рагIаби. Гьеб кинабго хIапу-чапур дица лъугIизабуна лезгинка кьурдиялдалъун.

Дир лезгиял-гьудулзаби, гIемер релъанхъун, гIодор гиргахъдилел рукIана ва профессорзабазда ккана, гьадигIан гьазие кеп щвезе, кигIан лъикIдай дица лезги мацIалда гьеб бицунеб бугебилан. Дир хулиганлъи гьез къабул гьабуна художествияб махщел хIисабалда. Амма бищунго квеш ккараб жо букIана цIалараб гIурус мацIалда цIидасан бицейилан гьари. Щиб гьабизе кколеб? Дида ракIалде щвана Малла Насрудинил цо хабар, нухдаго тIадеги жубан цо жо ургъана, амма гьелъ цо кIудияб кеп кьечIо. – Дур цIалул документал? – илан гьикъана гьез.

Лъабго соналъ микьабилеб классалда цIалулев вукIарав дир кинал документал рукIинел? «Дие документал росизе заман гIечIо, – ян абуна дица, – дун яцалъул бакIалдалъидал вачIарав, 9 класс лъугIараб аттестат бачIина... Ва 10 класс экстерн хIисабалда лъугIизабила».

Гьел дида божана ва къабул гьавуна... Лъабго соналъ щибаб ихдал дица институталда киналго экзаменал цереккунго кьолаан, 10 классалъул экзаменал кьезе рокъое ине рес букIине. ТIадвуссун вачIунаан. «Кьунищ?» «Цо предмет кьуна, – ян абулаан дица, – амма цогидаб предметалъул учитель унтун ватана...» Щибаб соналъ цо-цо предметалъул экзамен кьезе унаан дун ва кьолароан. Ахирисеб курсалда, гьез дун институталдаса къватIивецин виччачIо: дир выпускной спектаклялъул репетиция букIана...

Гьедин ана ункъо сон. Диплом щвезе ккола, амма аттестат гьечIо. Дипломалда киналго щуйилал руго. Щиб гьабилеб? Институталъул администрациялъ бухьен гьабуна тIадегIанаб лъай кьеялъул министерствоялъулгун. Щиб гьабилеб? Гьез бахIсал гьарулел рукIана дие дипломищ кьелеб, яги институт лъугIиялъул справкайищ кьелебилан; амма ункъо соналъ байбихьудаса ахиралде щвезегIан киналго щуйилал рукIана дир. Гьединлъидал министерствоялъ хIукму гьабуна дие багIараб диплом кьезе. Гьеб заманалде дир яцалъги лъугIизабуна университет гьединалго лъикIал хIасилалгун. Яцалъулгун къотIи-къайги гьабун, нижеца цадахъ цо къоялъ эбелалъухъе кьуна кIиго тIокIлъигун цIали лъугIизабурал багIарал дипломал. Гьей цIакъ йохун йикIана...

***Валерий Золотухин***
***«Дребезги» тIехьалдаса***




# Все пути ведут к людям…

После звонка из редакции, по традиции, пишу на продиктованный номер. Нужно побеседовать с Верой Анатольевной Рамазановой, директором Детского дома №7, того, что в Избербаше. Представляюсь и уже готовлю ворох вопросов, первый из которых, конечно, посвящен ей ... Однако ответ  ставит в тупик: «Нет, обо мне не нужно… пишите о коллегах…»

Для меня (как корреспондента) это, разумеется, провал: я не могу разговорить собеседника. Однако проработав десятилетие в университете и получив маломальский житейский опыт, понимаю, что чем глубже человек, тем сложнее ему выразить себя: слишком уж много того сокровенного, что выражается невербально… Слышу голос Веры Анатольевны – доверительный, тёплый, с нотками той усталости, с которой говорят люди деятельные, ведущие непрестанную духовную работу, больше вопрошающие, нежели имеющие готовые ответы.

Я решила пойти иным путём – написать коллеге Веры Анатольевны – Зумруд Магомедэминовне – заместителю директора по УВР. Впоследствии она поделилась со мной своими искренними эмоциями: Зумруд Магомедэминовна, как и её коллеги, бесконечно рада быть рядом с той самой Мамой, больше чем Мамой… Всех подопечных Вера Анатольевна знает давно: через дорогу от Детского дома располагается школа № 10, которую посещают воспитанники и которой она посвятила много лет.

А самое главное – каждое утро начинается с линейки: Мама провожает их в школу, по традиции, с напутствием. А они знают: их всегда ждут.

Вера Анатольевна прошла долгий путь. Окончив в 1982 г. физический факультет ДГПУ, всю последующую жизнь провела неразрывно с педагогической деятельностью. Школьные стены Избербаша помнят девушку, говорящую на языке Исаака Ньютона и Альберта Эйнштейна: физика – не просто наука, это искусство видеть мир во всех гранях. А с 2005 по 2008 год Вера Анатольевна трудилась в качестве заместителя директора СОШ № 10. В 2008 г. она заняла руководящую должность в этом же учреждении, а с 2018 г. ребята Избербашского детского дома № 7 обрели не кабинетного руководителя, а заботливого Наставника, сумевшего создать уют – то самое, без чего немыслима Семья.

За годы работы Вере Анатольевне удалось сплотить вокруг себя достойную команду педагогов, воспитателей и помощников по хозяйству. Все эти люди не по долгу службы – по внутренней, жизнетворческой потребности – стараются наполнить смыслом жизни вверенных им детей.

Будучи отличником образования РД и почётным работником образования РФ, Вера Анатольевна задаёт высокую образовательную планку: ребята знают, что в этом сложном и порой очень несправедливом мире человек должен стремиться к совершенствованию себя: самодисциплина и осознанное отношение к образованию – то, что закладывает характер. А характер – это Судьба.



Педагогический коллектив Детского дома № 7 решает задачи учебной и воспитательной работы с детьми. Разумеется, в настоящее время дополнительное образование занимает важное место в педагогическом процессе. Ключевые векторы работы коллектива – развитие интеллектуальных, творческих и физических способностей каждого ребёнка.

Приоритетным направлением учреждения выступает программа для детей-сирот: «Организация и совершенствование воспитательной системы как эффективный механизм развития полноценной личности воспитанника». Целью программы является воспитание и формирование личности, способной самостоятельно строить свой вариант жизни достойного человека.

Необходимо отметить тех, кто стоял у истоков этого важного дела: медицинскую сестру Сулейманову Патимат Абидовну, кладовщицу Курбанову Айшат Курбановну, воспитателей – Насирову Лейлу Петровну, Манапову Гурият Алиевну, Темирболатову Заниху Махмудовну, Магомедову Асият Чамкургаджиевну, Абакарову Патимат Гасановну, Кискаеву Мину Кискаевну, Алиеву Амаль Наримановну, Исмаилову Фатиму Ибрагимовну, Хасбулатову Саиду Юсуповну.

Девять воспитателей детского дома имеют звание почётного работника общего пользования РФ, один – почётного работника сферы воспитания РФ, двое – заслуженного учителя РД, четыре – отличника образования РД.

В этой большой Семье сложилась своя система работы по организации досуга детей.

Режим работы построен таким образом, что учтены все моменты жизни и деятельности воспитанника. Действует принцип добровольности: никому не навязывают кружки и секции для посещения. В основе всего – подход выбора, подход осознанности.

В детском доме большое внимание уделяется организации быта воспитанников. Усилия наставников направлены на то, чтобы подопечные имели всё необходимое для повседневной жизни, учебных и внеклассных занятий. Воспитанники обеспечены предметами личной гигиены, одеждой, обувью. Комнаты двухэтажного здания довольно уютные, просторные, светлые. В распоряжении ребят – актовый, музыкальный и тренажёрный залы, компьютерный класс, библиотека. В детском доме работают кружки: музыкальный, спортивный, художественный, хореографический, театральный, шахматный, компьютерный, швейный, а также домоводство!

В целях содействия самоуправлению, развития инициативы, повышения самостоятельности воспитанников в детском доме создан орган детского самоуправления – Семейный Совет, который работает в тесном контакте с администрацией и коллективом.

С первых дней пребывания здесь подопечных приучают к аккуратности, бережливости, умению следить за собой, обслуживать себя.

Неисповедимы пути Господни, и потому мы обойдёмся без риторических вопросов, восклицаний, и, тем более, осуждений. Причин, по которым ребята оказались в детском доме несколько: недееспособность родителей, ограничение или лишение родительских прав, отсутствие



попечения, нахождение родителей в местах лишения свободы… и те случаи, когда ребёнка бросили или от него отказались.

К обретению душевного покоя дети проходят через ряд «процедур»: изъятие из семьи, карантин, лечение в медицинском учреждении или пребывание в приюте. Далее будущие воспитанники направляются либо в дом ребёнка (в возрасте до пяти лет), либо в детский дом.

Сегодня в Семье Веры Анатольевны – тридцать девять ребят: шестнадцать девочек и двадцать три мальчика. Все они – дети школьного возраста: от одиннадцати до восемнадцати лет. Основная часть воспитанников – учащиеся СОШ № 10, остальные – студенты Избербашских Индустриального и Педагогического колледжей, где учатся на поваров-кондитеров, программистов, учителей дошкольного образования, а также физкультуры и музыки.

Коллектив Детского дома № 7 гордится и своими выпускниками: пятеро ребят отдают долг Родине на СВО, а кто-то учится за пределами республики. Например, Валимагомед Джалилов является студентом Медицинской академии (г. Екатеринбург), а Наида Валиева после успешной сдачи ЕГЭ поступила на факультет журналистики Казанского университета.

Детей не обманешь. Они чувствуют искренность. Так утверждал Лев Николаевич Толстой. Не материальными благами, а Человечностью, в основе которой лежит сострадание, можно исцелять раны, возвращать веру и любовь. Человеку нужен Человек – таков непреложный закон жизни. За последние три года шестеро воспитанников обрели новые семьи. А те, кто и по сей день находится в стенах Детского дома № 7, знают: каждый день их возвращения из школы и колледжа ждут Вера Анатольевна и воспитатели.

Потому что все пути ведут к Людям.

***Аида Бабаева***



*Николай Александрович НИКИТИН*
*– доктор медицинских наук, профессор, заслуженный врач РФ,*
*член Союза писателей России.*
*Автор нескольких поэтических книг.*
*Живет в г.Кирове.*

# АЙНА, ВАНЯ-ВАНЕЧКА И ВАГИФ

*(история одной даргинской семьи)*

1

– Мама, мама!
Страшно мне! Почему так тихо?
– Успокойся, Ванечка, убежало Лихо.
Просверкало пятками по степной пыли…
Радуйся, Иванушка, русские пришли!
Видимо, разведчики! Как нам повезло!
Даст Аллах, отстроится заново село.
Мальчик успокоился:
– Лиха больше нет?
Можно я разведчикам передам привет?



– Передай, Иванушка, от всего села.
На соседней улице группа прилегла.
Притомились хлопчики с Лихом воевать,
отдохнуть им надобно и чуток поспать.
Ты водички, Ванечка, отнеси бойцам,
а потом, как водится, пригласи их к нам.
Я, пока ты бегаешь, испеку пирог:
есть мука в загашнике, сыра есть кусок.
Для такого случая ничего не жаль.
Знать, Аллах отвёл от нас горькую печаль.
Поспешай, Иванушка, поспешай, родной.
Видел бы отец тебя, был бы горд тобой.

2

Убежал Иванушка, загрустила Айна:
«Сколько ей ещё хранить от мальчишки тайну?
Как, когда сказать ему, что отец погиб?
Ты зачем оставил нас, дорогой Вагиф?
Ваня – копия твоя, даже в пустяках,
и такого молодца нам послал Аллах.
В ополченье уходя бить фашистов рать,
сына русским именем ты просил назвать.
Просьбу я исполнила и, как родила,
сына Ваней-Ванечкой тут же нарекла.
Всё ждала-надеялась: в отпуск ты придёшь
и сыночка нашего на руки возьмёшь.
Улыбнётся сын тебе, папой назовёт…
Слух прошёл, что ты погиб, Ване минул год.
Под хохлами жить пришлось, а куда бежать?
Сын-младенец на руках и больная мать.
Мама быстро умерла, взял её Аллах,
и остались мы втроём: Ваня, я и страх.
Лишь с началом СВО страх почти исчез:
русских ждали мы, как ждут ангелов с небес».

3

Кружат мысли в голове, спорится работа.
Только вынула пирог, чу, стучится кто-то.
Дверь открыла: Ваня-сын, с ним штурмовики.
Присмотрелась, командир – муж её Вагиф.
Слёзы брызнули из глаз: жив её джигит!
Айну он прижал к груди, что-то говорит.
Оказалось, ранен был, ранен тяжело.
Год провёл в госпиталях. Выжил. Повезло.

Вновь отправился на фронт. Сообщить? Но как,
коль захвачено село и лютует враг?
– Ваня, это папа твой, подойди, сынок.
С сатаной сражался он и прийти не мог.
А Вагиф, слезу смахнув, сына приподнял:
– Экий ты уже джигит! Глянь, отца догнал.
Засмущался мальчуган:
– Папа, отпусти.
– Ваня, мы сейчас уйдём, ты меня прости,
враг пока ещё силён, нужно воевать.
Ты мужчина, на тебя оставляю мать.
Береги её, сынок, слушайся во всём.
Разобьём врага – вернусь, вот уж заживём.

4

– Как уходите? Куда? – испугалась Айна, –
тут вблизи села, Вагиф, был замечен снайпер.
Его видел дед Степан, всех предупредил,
а вчера через окно деда тот убил.
– Знаю, Айна, знаю всё. Уничтожен он.
Мы разведка, у реки ждёт нас батальон,
нам до вечера успеть данные отдать.
И к бойцам:
– Бойцы, подъём! Хватит отдыхать.
Не вкусивши пирога, чая не испив,
(наблюдали, как с семьёй встретился Вагиф),
встрепенулись разом все и бегом за дверь.
Как не верить в чудеса на войне теперь!
Попрощался командир с сыном и женой,
только к двери, как жена крикнула:
– Постой!
Забери с собой чуду*, угостишь ребят,
путь не близкий, а бойцы кушать захотят.
Завернула – и в пакет:
– Вот теперь иди.
Он вздохнул, взглянул в глаза и промолвил:
– Жди.
Сына обнял ещё раз:
– Ваня, я вернусь,
знай, не встанет никогда на колени Русь.



---

**Чуду – даргинский пирог (примечание автора).*



5

– Мама, а мы русские или украинцы?
– Мы с тобой, Иванушка, дети гор – даргинцы.
У Ивана вновь вопрос:
– А зачем мы здесь?
– Далеко от этих мест горы, Ваня, есть.
Там родной нам Дагестан – чудная страна.
Только много лет назад страшная война
жизни прадедов твоих забрала навек.
Здесь покоятся они: Джамбулат, Бабек.
Два героя, два орла… А судьба одна.
Видел памятник в селе? Там их имена.
Подросли их сыновья, провели совет:
нужно ехать на Донбасс, вариантов нет:
не должны отцы лежать от семей вдали.
К обелиску привезли с родины земли…
Это дедушки твои: Джабраил, Ахсан.
Папа твой – Ахсана сын, нынче капитан.
Я второго деда дочь.
В царстве вечных снов
упокоены они: взял Аллах отцов.
В полумраке мать и сын разговор ведут:
Жив Вагиф – защитник их, и в сердцах уют.

6

Опускается на степь дымка из тумана,
закрывая от небес заросли бурьяна.
Пробирается отряд к берегу реки,
парни все как на подбор, все штурмовики.
Смерть смотрела им в глаза, каждому – не раз,
но сильнее смерти долг – выполнить приказ.
Им сегодня повезло: в небе дронов нет.
Не хватало здесь в степи получить привет
от бандеровской орды и себя раскрыть.
Чтобы выжить на войне, мало просто жить.
Враг не дремлет, потому: быть живей, чем враг –
пункт устава для бойца, без него никак.
Слава Богу, добрались. Без потерь отряд.
– Вашим данным нет цены, – встретил их комбат.
Отчитались, и Вагиф, вспомнив про еду,
пригласил бойцов в блиндаж пробовать чуду.
Восхищенью пирогом не было границ –
отодвинулась война – столько добрых лиц!
За неструганным столом – вся святая Русь…
Эти парни победят, Господом клянусь.




*Галина Пшеницына. «Розовые розы». Акварель*



*Клара Власова. «Натюрморт». Холст, масло.*

ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**